

PANGANGGENING *DIALEK* JAWI WETAN WONTEN

NOVEL KERAJUT BENANG IRENG

SKRIPSI

Dipunaturaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

kangge Njangkepi Salah Setunggaling Sarat Anggayuh

Gelar Sarjana Pendidikan



dening:

Ika Rusdiana Mutolifah

NIM 13205241013

PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA

JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH

FAKULTAS BAHASA DAN SENI

UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA

2017

PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan “Panganggening *Dialek* Jawi Wetan wonten *Novel Kerajut Benang Ireng*” menika sampun pikantuk palilah dening *dosen pembimbing* kangge sarat *pendadaran*.



Yogyakarta, 23 Oktober 2017

Ingkang nyarujuki




Pembimbing,

A handwritten signature in black ink, appearing to read "Endang Nurhayati", is placed above the printed name of the supervisor.

Prof. Dr. Endang Nurhayati, M. Hum.
NIP 19571231 198303 2 004

PANGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan “Panganggening Dialek Jawi Wetan wonten Novel Kerajut Benang Ireng” menika sampun dipunandharaken ing ujian pendadaran wonten sangajengipun Dewan Penguji rikala tanggal 3 November 2017 saha dipuntetepaken lulus.

Asma	Jabatan	Tapak Asma	Tanggal
Prof. Dr. Endang Nurhayati, M.Hum.	Ketua Penguji		7-12-2017
Avi Meilawati, S.Pd., M.A.	Sekretaris Penguji		7-12-2017
Dr. Mulyana, M.Hum.	Penguji Utama		23-11-2017

Yogyakarta, 12 Desember 2017

Plt. Dekan Fakultas Bahasa dan Seni

Wakil Rektor I,



Prof. Dr. Margana, M. Hum., M.A.

NIP 19680407 199412 1 001

WEDHARAN

Inggang tandha tangan wonten ngandhap menika, kula:

Nama : Ika Rusdiana Mutolifah

NIM : 13205241013

Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

ngandharaken bilih *karya ilmiah* menika minangka asiling panaliten kula. Sapangretosan kula, *karya ilmiah* menika boten ngewrat *materi* ingkang dipunserat dening tiyang sanes. Kajawi, perangan-perangan tartamtu ingkang kula pendhet minangka dados dhasaring seratan kula kanthi nggatosaken tata cara saha paugeran panyerating *karya ilmiah* ingkang limrah saha dipunserat wonten kapustakan.

Seratan ing wedharan menika, kaserat kanthi saestu. Manawi samangke wonten kasunyatanipun wedharan menika boten leres, sedayanipun menika dados tanggel jawab kula piyambak.

Yogyakarta, 23 Oktober 2017

Panyerat,



Ika Rusdiana Mutolifah

SESANTI

بسم الله الرحمن الرحيم

الاتصال العلم الابستة # سأتبيك عنمجموعها ببيان

دعاء وحرص واصطبار وبلغاة # وارشاد استاذ و طول زمان

(نظم الالا)

العلم بالتعلم , المنفعة بالتعظيم , البركة بالخدمة

- الشيخ حمداني يوسف -

Santri kalah rupa menang donga

Santri kalah dhuwit menang wirid

Santri kalah pangkat menang tirakat

(Kyai Chamdani Yusuf Ponpes 'Inayatullah)

“Ormatana bapakmu mangka bakal kasil donyamu, ormatana ibumu mangka
bakal kasil akhiratmu”

(Kyai Mukhtar)

“Sekabehane tinakdir, ananging yen dheweke bisa kasil, ngapa aku ora bisa?”

(Panyerat)

PISUNGSUNG

Kanthe pepayung budi rahayu, manengku sukur *alhamdulillah* dhumateng ngarsanipun Gusti Allah Swt., *skripsi* menika kula pisungsungaken dhumateng Bapak Ruselan saha Suwargi Ibu Sujinah, minangka tiyang sepuh kekalih kula, saha Arman Dwi Sofyan minangka adhi kula, ingkang sampun nggulawenthah kanthe katoging sih katresnan saha tenaga, beya, sarta tansah paring panyengkuyung, panjurung miwah donga pangestunipun satemah *skripsi* menika saged karampungaken.

PRAWACANA

Alhamdulillahirobbil'alamiin, raos sukur katur dhumateng ngarsanipun Gusti ingkang Murbeng Dumadi, ingkang sampun paring kasempatan saha lumebering kawilujengan, rohmat, barokah, sarta *hidayah*-ipun dhateng panyerat, satemah *skripsi* kanthi irah-irahan “Panganggening *Dialek* Jawi Wetan wonten *Novel Kerajut Benang Ireng*” menika sampun paripurna anggenipun nyerat kanthi kalis ing sambekala. *Skripsi* menika dipunserat minangka jejangkeping sarat anggayuh gelar sarjana pendidikan.

Panyerat ngaturaken agunging panuwun dhumateng Ibu Prof. Dr. Endang Nurhayati, M.Hum., minangka *Dosen Pembimbing skripsi* ingkang sampun paring *motivasi*, panjurung, pamrayogi, panyaruwe, bimbingan kanthi sabar saha ngelmu ingkang migunani, satemah *skripsi* menika saged paripurna.

Panyerat mangretosi bilih saged kawujudipun *skripsi* menika boten kendhat saking donga saha panyengkuyungipun *pihak* sanes. Awit saking menika, kanthi suka renaning penggalih, panyerat ugi ngaturaken agunging panuwun dhumateng:

1. Bapak Prof. Dr. Sutrisna Wibawa, M. Pd., minangka Rektor Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring donga saha pangestunipun supados panaliten menika saged kalampahan kanthi kalis saking sambikala;
2. Ibu Dr. Widyastuti Purbani, M.A., minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni Univrsitas Negeri Yogyakarta, ingkang sampun paring idin palilah saha kalodhangan anggen kula nyerat *skripsi*;
3. Bapak Prof. Dr. Suwardi, M.Hum., minangka pangarsa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, ingkang sampun paring panjurung saha panyengkuyungipun;
4. Dra. Sri Harti Widyastuti, M.Hum., minangka Dosen Penasehat Akademik, ingkang sampun paring bimbingan saha pandom sadangunipun kula sinau wonten Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah;
5. sadaya bapak ibu dosen Pendidikan Bahasa Jawa ingkang sampun paring donga saha ngelmu ingkang mumpangat kangge kula, saha sadaya *staf* saha


karyawan Fakultas Bahasa dan seni, ingkang sampun paring panyengkuyungipun;

6. Dosen Penguji Tugas Akhir *Skripsi* ingkang sampun paring pambiji saha pamrayoginipun;
7. Bapak Ruselan saha Suwargi Ibu Sujinah, minangka tiyang sepuh kekalih kula, ingkang sampun nggulawenthah kanthi katoging sih katresnan saha tenaga, beya, sarta tansah paring panyengkuyung, panjurung miwah donga pangestunipun, sarta Arman Dwi Sofyan minangka rayi kula, awit saking panjurung saha donganipun;
8. Bapak Kyai Chamdani Yusuf saha Ibu Nyai Nailil 'Izza sakulawarga minangka pangarsa Pondok Pesantren Inayatullah sarta kulawarga ageng Pondok Pesantren Inayatullah ingkang tansah paring donga saha panyengkuyungipun;
9. Bapak Sujud Susila Saputro ingkang sampun paring donga, panjurung, saha panyengkuyungipun;
10. Ibu Indun, sedherek Rohimah, Alfi, Hidayah, Mbak Binti, Uswatun, Mas Satya, Mbak Nadia, Eva, Dinda, Intan Chosi', saha Anif, awit saking panjurung, saha panyengkuyungipun;
11. kanca-kanca Pendidikan Bahasa Jawa 2013 mliginipun kelas A, awit saking panjurung saha donganipun;
12. sadaya pihak ingkang boten saged kula sebataken setunggal mbaka setunggal ingkang sampun paring panjurung, panyengkuyung, saha donga dhateng panyerat satemah *skripsi* menika saged kaimpun.

Skripsi menika temtu kemawon taksih dereng saged kawastanan sae, menapa malih sampurna. Pramila saking menika, panyaruwe saha pamrayogi saking pamaos sanget dipunkajengaken. Wasana, kanthi raos andhap asor panyerat gadhah pangajab mugu-mugu *skripsi* menika saged murakabi tumrap sedayanipun.

Yogyakarta, 23 Oktober 2017

Panyerat,



Ika Rusdiana Mutolifah

WOSING ISI

Kaca

IRAH-IRAHAN	i
PASARUJUKAN	ii
PANGESAHAN	iii
WEDHARAN	iv
SESANTI	v
PISUNGSUNG	vi
PRAWACANA	vii
WOSING ISI	ix
PRATELAN BAGAN	xii
PRATELAN TABEL	xiii
PRATELAN FONETIS	xiv
PRATELAN LAMPIRAN	xv
SARINING PANALITEN	xvi
BAB I PURWAKA	1
A. Dhasaring Panaliten	1
B. Underaning Prakawis	6
C. Watesaning Prakawis	7
D. Wosing Prakawis.....	7
E. Ancasing Panaliten.....	7
F. Paedahing Panaliten	8
G. Pangretosan	9
BAB II GEGARAN TEORI	11
A. Andharan Teori	11
1. <i>Sosiolinguistik</i>	11
2. <i>Variasi Basa</i>	13
a. <i>Variasi Basa saking Segi Panuturuipun</i>	14
1) <i>Idiolek</i>	14
2) <i>Dialek</i>	14

a) <i>Fonem</i>	17
b) <i>Morfem</i>	18
c) <i>Tembung</i>	19
d) <i>Frasa</i>	19
e) <i>Klausa</i>	20
f) <i>Ukara</i>	21
3) <i>Kronolek</i>	21
4) <i>Sosiolek</i>	22
b. <i>Variasi Basa saking Segi Panganggenipun</i>	23
c. <i>Variasi Basa saking Segi Kaformalanipun</i>	23
d. <i>Variasi Basa saking Segi Sarananipun</i>	25
3. <i>Basa Jawi Dialek Jawi Wetan</i>	26
4. <i>Novel Kerajut Benang Ireng</i>	27
B. <i>Panaliten ingkang Jumbuh</i>	28
C. <i>Nalaring Pikir</i>	29
BAB III CARA PANALITEN	32
A. <i>Jinising Panaliten</i>	32
B. <i>Data Panaliten</i>	32
C. <i>Sumber Data Panaliten</i>	32
D. <i>Caranipun Ngempalaken Data</i>	33
E. <i>Pirantining Panaliten</i>	34
F. <i>Caranipun Nganalisis Data</i>	35
G. <i>Caranipun Ngesahaken Data</i>	36
BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN	38
A. <i>Asiling Panaliten</i>	38
B. <i>Pirembagan</i>	47
BAB V PANUTUP	86
A. <i>Dudutan</i>	86
B. <i>Implikasi</i>	87
C. <i>Pamrayogi</i>	88

KAPUSTAKAN	89
LAMPIRAN	91

PRATELAN BAGAN

kaca

*Bagan 1. Nalaring Pikir Panganggening Dialek Jawi Wetan wonten Novel
Kerajut Benang Ireng..... 31*

PRATELAN TABEL

	kaca
<i>Tabel 1. Format Kertu Data</i>	34
<i>Tabel 2. Format Analisis Data.....</i>	35
<i>Tabel 3. Asiling Panaliten Jinis, Wujud, saha Titikanipun Satuan Lingual Basa Jawi Dialek Jawi Wetan wonten Novel Kerajut Benang Ireng anggitanipun Harwimuka.</i>	39
<i>Tabel 4. Analisis Asiling Panaliten Wujud saha Titikanipun Satuan Lingual Basa Jawi Dialek Jawi Wetan wonten Novel Kerajut Benang Ireng anggitanipun Harwimuka.</i>	91

PRATELAN FONETIS

- [...] = transkripsi fonetis, inggih menika ewahan basa lesan dados basa seratan kangge nedahaken wujud swanten fonetis, tuladha: jedhing [j ə ɖ I ŋ]
- “...” = wedharan langsung
- ‘...’ = tandha kangge nedahaken tegesing tembung
- a = tandha swanten *vokal* /a/, tuladha tembung ta [t a]
- ɔ = tandha swanten *vokal* /o/, tuladha tembung ana [ɔ n ɔ]
- i = tandha swanten *vokal* /i/, tuladha tembung iki [i k i]
- I = tandha swanten *vokal* /i/, tuladha tembung jik [j I ?]
- u = tandha swanten *vokal* /u/, tuladha tembung aku [a k u]
- U = tandha swanten *vokal* /u/, tuladha tembung suwun [s u w U n]
- ə = tandha swanten *vokal* /ə/, tuladha tembung memper [m ε m p ə r]
- e = tandha swanten *vokal* /e/, tuladha tembung ae [a e]
- ε = tandha swanten *vokal* /ε/, tuladha tembung gek [g ε ?]
- ɖ = tandha swanten /dh/, tuladha tembung dhateng [ɖ a t ə ŋ]
- ʈ = tandha swanten /th/, tuladha tembung thuthuk [ʈ u ʈ U ?]
- ñ = tandha swanten /ny/, tuladha tembung nyapa [ñ a p ɔ]
- ŋ = tandha swanten /ng/, tuladha tembung ngapa [ŋ ɔ p ɔ]
- ? = tandha swanten *glottal* /k/, tuladha tembung nggak [ŋ g a ?]

PRATELAN LAMPIRAN

kaca

<i>Lampiran 1. Tabel Analisis Asiling Panaliten Wujud saha Titikanipun Satuan Lingual Basa Jawi Dialek Jawi Wetan wonten Novel Kerajut Benang Ireng anggitanipun Harwimuka.</i>	91
<i>Lampiran 2. Gambar Peta Wilayah Provinsi Jawa Timur.</i>	131

**PANGANGGENING DIALEK JAWI WETAN WONTEN
NOVEL KERAJUT BENANG IRENG**

**dening Ika Rusdiana Mutolifah
NIM 13205241013**

Sarining Panaliten

Panaliten menika wonten ancasipun. Ancas ingkang kinandhut inggih menika kangge ngandharaken wujudipun *satuan-satuan lingual* utawi *unsur-unsur* basa. *Unsur* basa menika dados panandha *dialek* Jawi Wetan saha titikanipun basa Jawi *dialek* Jawi Wetan dipuntingali saking wujuding *satuan-satuan lingual* basanipun wonten salebeting *novel Kerajut Benang Ireng*.

Jinising panaliten menika kalebet panaliten *deskriptif*. *Data* wonten panaliten menika awujud tembung-tembung utawi *kosa kata* ingkang minangka titikanipun basa Jawi *dialek* Jawi Wetan, ingkang wonten salebetipun *novel Kerajut Benang Ireng* anggitanipun Harwimuka. Sumber *data*-nipun inggih menika awujud *novel* kanthi irah-irahan *Kerajut Benang Ireng*. Cara kangge manggihaken *data* inggih menika kanthi *teknik* maos saha nyathet. *Data* dipun-*analisis* ngangge *teknik deskriptif*, inggih menika panaliti ngandharaken wujuding saha titikanipun *satuan-satuan lingual* basa ingkang dados panandha *dialek* Jawi Wetan wonten salebeting *novel Kerajut Benang Ireng*. Cara ngesahaken *data* menika kanthi *validitas* saha *reliabilitas*. Kangge manggihaken *validitas* ngginakaken *validitas semantis*, *pertimbangan ahli*, saha *triangulasi*. *Data valid* menika *data* ingkang magepokan saha jumbuh kaliyan *dialek* Jawi Wetan. Salajengipun kangge manggihaken *reliabilitas data* dipunginakaken *reliabilitas intrarater*.

Asiling panaliten ingkang kapanggihaken wujudipun *satuan-satuan lingual* basa Jawi ingkang dados panandha *dialek* Jawi Wetan wonten salebetipun *novel Kerajut Benang Ireng* menika wonten enem (6), inggih menika *fonem*, inggih menika *satuan bunyi* ingkang mbedakaken teges; *morfem*, inggih menika gabungan saking *fonem-fonem*; tembung, inggih menika *unsur* basa ingkang tegesipun wetah; *frasa*, inggih menika gabungan tembung ingkang setunggal *fungsi*; *klausa*, inggih menika basa ingkang ngewrat jejer (J) saha wasesa (W); ukara, inggih menika tuturan ingkang tegesipun jangkep; saha titikanipun *dialek* Jawi Wetan manawi dipuntingali saking *satuan-satuan lingual* ingkang dados panandha basa Jawi *dialek* Jawi Wetan wonten salebetipun *novel Kerajut Benang Ireng* inggih menika panganggening *fonem /r/*, panganggening *fonem /b/*, panganggening swanten glottal */ʔ/*, panganggening *fonem /w/*, *konfiks*, *prefiks*, pamilihing *diksi*, tembung lok, saha kalenggahanipun tembung.

Pamijining tembung: wujuding *satuan-satuan lingual*, titikaning tembung, *dialek* Jawi Wetan

BAB I PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Wonten pagesangan, masarakat Jawi boten kendhat saking pirembagan. Wonten pirembagan, temtunipun mbetahaken piranti. Pirantinipun inggih menika awujud basa. Basa inggih menika sarana ingkang dipunginakaken medharaken *gagasan* utawi *ide* ingkang wujudipun tembung-tembung (Baoesastra, 1939: 32b). Miturut Bloomfield lumantar Sumarsono (2002: 18), basa inggih menika *sistem* swanten ingkang sipatipun *arbitrer*, ingkang dipunginakaken dening masarakat minangka sarana *komunikasi* utawi pirembagan. Basa minangka sistem, menika wonten paugeran-paugeran ingkang ngewrat *unsur-unsur* ingkang saged dipun-*analisis* piyambak-piyambak.

Basa minangka *sistem* menika ngrakit tetembungan ingkang dipunjumbuhaken kaliyan tata rakiting tembung utawi *kaidah-kaidah* basa. Tembung ingkang dipunrakit menika saking tembung-tembung ingkang boten wonten tegesipun dados tembung-tembung ingkang wonten tegesipun. *Sistem* menika dipunginakaken kangge nata basanipun kanthi adhedhasar basa ibu.

Masarakat kanthi sadar menapa boten sadar menika ngginakaken basa wonten wawan pirembagan ing bebrayan. Kasunyatanipun, wonten tuturan masarakat padintenan. menika basa Jawi langkung misuwur. Masarakat wonten Pulo Jawi menika mangretosi bilih basa Jawi menika dados unggah-ungguhing manungsa nalika gesang. Basa Jawi menika wonten undha-usukipun, satemah ngginakaken basa Jawi wonten pagesangan menika minangka dados talanging atur.

Kathah tiyang sepuh ingkang nggulawenthah para putranipun ngginakaken basa Jawi. Tiyang sepuh sampun kulina ngendikan basa Jawi menawi wawanrembag kaliyan garwanipun, supados para putra saged nuladha menapa ingkang sampun dipuntuladhani dening tiyang sepuhipun. Awit saking menika, gesangipun priyantun-priyantun Jawi saged langkung katata, mliginipun saking prakawis basa padintenanipun. Basa menika ngrembaka sareng kaliyan ewah-ewahaning jaman. Pramila, ingkang sinau basa kedah langkung *aktif* anggenipun ngolah basa, boten anamung saged niru menapa ingkang dipunmirengaken.

Priyantun ingkang ngginakaken basa menika medalaken swanten-swanten ingkang nuli-nuli, satemah mujudaken salah satunggaling *struktur* tartamtu. Basa inggih menika sarana pirembagan ingkang dipuntuturaken dening masarakat wonten tlatah ingkang beda. Saben tlatah wonten basa-basa tartamtu ingkang boten wonten ing tlatah sanesipun. Panganggening basa menika nuwuhaken *variasi* basa. *Variasi* basa menika *idiolek*, *dialek*, *kronolek*, saha *sosiolek*.

Kelompok panutur basa ingkang titikanipun *relatif* sami menika mujudaken basa *dialek*. Miturut Sumarsono (2002: 21), *dialek* inggih menika basanipun masarakat ingkang wonten tlatah tartamtu. Basa *dialek* inggih menika basa ingkang wonten tlatah tartamtu, ingkang sampun dipunugemi saha dipunmangretosi dening masarakat ingkang wonten salebeting tlatah menika. Basa Jawi *dialek* temtunipun dipunginakaken kangge pirembagan padintenan. Basa menika beda kaliyan basa Jawi baku Surakarta-Yogyakarta. Basa Jawi *dialek* menika wonten jinisipun, inggih menika basa Jawi *dialek* Surakarta-Yogyakarta, basa Jawi *dialek* Jawi Wetanan, saha basa Jawi *dialek* Banyumasan utawi ngapak.

Inggang badhe karembag wonten panaliten menika inggih punika basa Jawi *dialek* Jawi Wetan. Basa *dialek* wonten saben tlatah menika wonten wujud saha titikanipun. Wujud saha titikanipun menika boten kapanggihaken anamung wonten tuturanipun utawi pirembaganipun kemawon, ananging wonten *media sosial*, kados ta koran, kalawarti-kalawarti, menapa dene wonten *karya sastra* awujud *novel*, amargi panganggening basa *dialek* wonten *novel* saged nggambaraken bebrayanipun masarakat.

Novel menika minangka salah satunggaling asiling *karya sastra* ingkang taksih dipunugemi dening masarakat, mliginipun para mudha. Miturut *Kamus Besar Bahasa Indonesia* (2014: 969a), *novel* inggih menika karangan *prosa* ingkang ngewrat rerangkening cariyos pagesanganipun saha sesambetanipun manungsa kaliyan bebrayan sakiwa tengenipun kanthi nengenaken sipatipun saben paraga. Basa ingkang dipunginakaken wonten salebetipun *novel* menika maneka warni, kados ta basa Indonesia, basa Jawi, basa Inggris, saha basa sanes-sanesipun, gumantung saking tlatah pundi *novel*-ipun dipunripta.

Salah satunggaling *novel* ingkang ngginakaken basa mawi basa Jawi inggih menika *novel Kerajut Benang Ireng*. *Novel* menika dipunripta dening Harwimuka ingkang asalipun saking tlatah Jawi. *Novel* kanthi irah-irahan *Kerajut Benang Ireng* menika minangka *novel* ingkang ngginakaken basa Jawi *dialek* Jawi Wetan. Salebeting *novel* menika kathah panganggening tembung-tembung ingkang minangka dados titikanipun basa *dialek* Jawi Wetan.

Wujud saha titikanipun basa *dialek* Jawi Wetan menika wonten gayutipun kaliyan prakawis-prakawis ingkang saged mbedakaken kaliyan basa Jawi ingkang

baku. Prakawis-prakawis menika inggih menika dipuntingali saking jinising *satuan-satuan lingual* ingkang mratandhani tetembungan ingkang kalebet *dialek* Jawi Wetan. *Satuan-satuan lingual* menika inggih menika *fonem, morfem, tembung, frasa, klausa*, saha ukara. Tuladhanipun *fonem* wonten tembung /sikII/, *morfem* wonten tembung maca, tuladhanipun tembung menika saking tembung jedhing, *frasa* wonten tembung wong ayu, *klausa* wonten salebetipun tuladha “Wong babaran ya arang banget.” (KBI/28), saha ukara menika saged dipuntingali saking tuladha “Mlebu liwat lawang iringan, dadak papagan ibune sing lagi metu saka ruwang tengah.” (KBI/29).

Adhedhasar waosan wonten nginggil menika, pamilihing tembung-tembung *dialek* Jawi Wetan wonten salebetipun *novel Kerajut Benang Ireng* menika narik gawigatosan panaliti kangge nliti prakawis menika. Sanesipun, dereng wonten ingkang nliti basa *dialek* Jawi Wetan wonten *novel Kerajut Benang Ireng* menika. Wonten bebrayaning masarakat, taksih kathah priyantun-priyantun ingkang dereng mangretosi bedanipun *dialek* Jawi Wetan kaliyan *dialek-dialek* saking tlatah sanesipun. Menika saged dipuntingali saking pangucaping saha pangrakiting tembung-tembung padintenan.

Alusipun priyantun Yogyakarta-Solo menika ingkang dipunanggep boten nate micara kasar. *Dialek* Jawi wetan menika dipunginakaken masarakat wonten sedaya kitha ingkang kalebet *Provinsi* Jawa Timur. Wonten titikan ingkang khas inggih menika *intonasi* micaranipun inggil, sora anggenipun micara, biyasanipun sora saha cepet anggenipun micara, saha boten ngginakaken *kaidah* basa Jawi ingkang baku. Pramila, priyantun Jawa Timur menika sauntawis nuwuhaken raos

kasar anggenipun micara. Tegesipun kasar wonten *dialek* Jawi Wetan inggih menika saking pamilihing basa padintenanipun, cara anggenipun ngedalaken swanten ingkang sora saha *lantang*, sarta anggenipun mastani *barang-barang* menika boten sami kaliyan wonten tlatah Yogyakarta-Solo.

Bukti-nipun inggih menika kados ta tembung suwal, manawi wonten tlatah Yogyakarta-Solo dipunsebat sruwal. Tembung ibuk, manawi wonten Yogyakarta-Solo dipunsebat ibu. Tembung jedhing manawi wonten Yogyakarta-Solo dipunsebat kolah. Tembung nyapa, manawi wonten Yogyakarta-Solo dipuntuturaken ngapa. Tembung ae manawi wonten Yogyakarta-Solo dipuntuturaken wae. Tembung lek manawi wonten Yogyakarta-Solo dipuntuturaken yen. Menika ingkang ndayani kenging menapa *dialek* Jawi Wetan dipuntaliti. Pramila, panaliten menika dipuntindakaken minangka salah satunggaling upiya kangge nglestantunaken saha njagi basa Jawi *dialek* Jawi Wetan wonten bebraying masarakat Jawi.

Minangka piranti pirembagan ingkang anamung dipunmangretosi dening manungsa, basa saged dipuntliti kanthi *internal* saha *eksternal*. *Internal* menika tegesipun panaliten menika dipuntindakaken mawi *struktur intern* basa menika piyambak, kados ta wonten *satuan-satuan lingual*-ipun. Tuladha wujud tembung-tembungipun inggih menika suwal, jedhing, nyapa, ae, lek, gak, ngko, dipapag, dijagang, diuncalne, pating begenjil, tembung lok kados dene ta!, se!, no!. Manawi panaliten kanthi *eksternal* tegesipun panaliten menika dipuntindakaken mawi *faktor-faktor* sanjawinipun basa, ingkang gayut kaliyan panganggenipun basa dening para panutur wonten salebetipun bebrayan.

Wonten bebrayan, mumpaipun panaliten menika boten sekedhik. Mumpaipun inggih menika saged mangretosi andharan ngengingi *dialek* Jawi Wetan kanthi jangkep, inggih menika saking *satuan-satuan lingual*-ipun ingkang jinisipun *fonem*, *morfem*, *tembung*, *frasa*, *klausa*, saha ukara, sarta wujud saha titikanipun basa Jawi *dialek* Jawi Wetan dipuntingali saking *satuan-satuan lingual* kasebat. Panaliten menika ugi saged migunani tumrap ngelmu *linguistik* wonten Nuswantara.

B. Underaning Prakawis

Adhedhasar dhasaring panaliten kasebat, saged dipunpendhet prakawis, inggih menika:

1. *variasi* basa Jawi wonten pasrawungan,
2. bedanipun basa kaliyan *dialek*,
3. jinisipun *satuan-satuan lingual* basa Jawi *dialek* Jawi Wetan wonten *novel Kerajut Benang Ireng*,
4. wujud saha titikanipun basa Jawi *dialek* Jawi Wetan dipuntingali saking wujuding *satuan-satuan lingual*-ipun basa Jawi *dialek* Jawi Wetan wonten *novel Kerajut Benang Ireng*,
5. *fungsi satuan-satuan lingual* basa Jawi *dialek* Jawi Wetan wonten *novel Kerajut Benang Ireng*.

C. Watesaning Prakawis

Adhedhasar underaning prakawis wonten nginggil, saged kapanggihaken maneka warni prakawis. Supados ancasing panaliten menika saged kalampahan kanthi mligi saha sae, pramila prakawis wonten panaliten menika dipunwatesi. Watesaning prakawis menika antawisipun:

1. jinisipun *satuan-satuan lingual* basa Jawi ingkang dados panandha *dialek* Jawi Wetan wonten *novel Kerajut Benang Ireng*,
2. wujud saha titikanipun basa Jawi *dialek* Jawi Wetan wonten *novel Kerajut Benang Ireng* manawi dipuntingali saking *satuan-satuan lingual* basa Jawi.

D. Wosing Prakawis

Wosing prakawis ingkang saged dipundudut adhedhasar underaning saha watesaning prakawis wonten nginggil menika ing antawisipun.

1. Kados menapa jinisipun *satuan-satuan lingual* basa Jawi ingkang dados panandha *dialek* Jawi Wetan wonten *novel Kerajut Benang Ireng*?
2. Kados menapa wujud saha titikanipun basa Jawi *dialek* Jawi Wetan wonten *novel Kerajut Benang Ireng* manawi dipuntingali saking wujuding *satuan-satuan lingual* basa Jawi?

E. Ancasing Panaliten

Jumbuh kaliyan wosing prakawis, panaliten menika badhe dipunlampahi kanthi ancas kangge ngandharaken:

1. jinisipun *satuan-satuan lingual* basa Jawi ingkang dados panandha *dialek* Jawi Wetan wonten *novel Kerajut Benang Ireng*,
2. wujud saha titikanipun basa Jawi *dialek* Jawi Wetan wonten *novel Kerajut Benang Ireng* manawi dipuntingali saking wujuding *satuan-satuan lingual* basa Jawi.

F. Paedahing Panaliten

Asiling panaliten menika kaangkah saged migunani tumrap pamaos menapa dene panaliti kanthi *teoritis* saha *praktis*. Wondene paedahing panaliten menika kaandharaken wonten ngandhap menika.

1. Paedah Teoritis

Asiling pirembagan menika dipunkajengaken saged migunani tumrap panaliten salajengipun, saha saged dipuncakaken wonten salebeting pasinaon wonten pawiyatan menapa dene wonten bebrayan kulawarga tlatah pundi kemawon, mliginipun ingkang nyinau jinis, wujud, saha titikanipun *satuan-satuan lingual* basa Jawi *dialek* Jawi Wetan kados ingkang wonten salebeting *novel Kerajut Benang Ireng*.

2. Paedah Praktis

Asiling panaliten menika dipunkajengaken saged nambah kawruh saha nyengkuyung supados mangretosi jinis, wujud, saha titikanipun *satuan-satuan lingual* basa Jawi, mliginipun jinis, wujud, saha titikanipun basa *dialek* Jawi Wetan. Satemah, manawi pirembagan kaliyan priyantun Jawa Timur menika saged mangretosi teges tembung-tembungipun. Panaliten menika ugi migunani tumrap

ngelmu-ngelmu sanesipun. Tuladhanipun kangge ngelmu basa Indonesia, menika kangge nambah tetembungan utawi *kosa kata* basa Indonesia saking basa Jawi *dialek*, satemah basa Indonesia langkung ngrembaka.

G. Pangretosan

Pangretosan ingkang dipunkajengaken wonten sambung rapetipun kaliyan bab-bab wonten ngandhap menika.

1. Basa Jawi

Basa Jawi inggih menika basa ingkang dipuntuturaken dening masarakat Jawi kanthi boten kacampuran tembung-tembung saking ngamanca. Basa Jawi menika basa bebrayan ingkang nggatosaken unggah-ungguhing basa saha minangka asil karyaning masarakat ingkang *kreatif*. Tegesipun, masarakat saged damel tetembungan-tetembungan enggal ingkang saged dipunmangretosi dening tiyang sanesipun. Kapribadenipun manungsa menika saged kagambaraken saking anggenipun nuturaken basa Jawi.

2. *Dialek* Jawi Wetan

Dialek Jawi Wetan inggih menika salah setunggaling *variasi* basa Jawi ingkang dipuntuturaken dening masarakat Jawi wonten tlatah Jawa Timur. Tegesipun, *dialek* Jawi Wetan menika dipunginakaken masarakat wonten sedaya kitha ingkang kalebet *Provinsi* Jawa Timur. Gadhah titikan khas inggih menika *intonasi* micaranipun inggil, sora anggenipun micara, biyasanipun sora saha cepet anggenipun micara, saha boten ngginakaken *kaidah* basa Jawi ingkang baku.

Satemah, basa Jawi *dialek* Jawi Wetan menika menika sanes basa Jawi ingkang baku.

3. *Novel Kerajut Benang Ireng*

Novel inggih menika *karya sastra fiktif* ingkang nggambaraken kedadosan-kedadosan wonten madyaning masarakat. *Novel* ingkang irah-irahanipun *Kerajut Benang Ireng* ingkang salajengipun dipuncetak KBI menika anggitanipun Harwimuka. Kababar dening *Penerbit Sinar Wijaya* rikala taun 1993 wonten kitha Surabaya. *Novel* menika salah setunggaling *seri Puspa Pustaka*. *Novel Kerajut Benang Ireng* menika sinaosa *fiktif* ananging dados kaca benggala utawi gambaran kawontenanipun masarakat Jawi Wetan ingkang kados kasunyatanipun.

BAB II GEGARAN TEORI

A. Andharan Teori

1. Sosiolinguistik

Sosiolinguistik menika kalebet ngelmu ingkang enggal. Ngelmu *sosiolinguistik* menika minangka ngelmu ingkang kadhapuk saking kalih *disiplin* ngelmu, inggih menika ngelmu *sosiologi* saha *linguistik*. *Sosiologi* inggih menika ngelmu ingkang nyinau prakawis masarakat. *Linguistik* inggih menika ngelmu ingkang nyinau prakawis basa. *Sosiolinguistik* inggih menika ngelmu ingkang nyinau sambung rapetipun basa kaliyan bebrayaning masarakat. Basa wonten ngelmu *sosiolinguistik* boten dipunsinau minangka basa, ananging dipunsinau minangka sarana pirembagan utawi wawan pirembagan wonten masarakat (Chaer saha Leonie Agustina, 1995: 3).

Hudson (salebetipun Sumarsono, 2002: 4) ngandharaken bilih *sosiolinguistik* inggih menika “*the study of language in relation to society*”, nyinau basa wonten pasrawunganing masarakat. Miturut Hickerson (salebetipun Sumarsana 2002: 5), “*sociolinguistics is a developing subfield of linguistics which takes speech variation as its focus, viewing variation or its social context. Sociolinguistics is concerned with the correlation between such social factors and linguistics variation.*” *Sosiolinguistik* inggih menika wiyaripun *subbidang linguistik* ingkang mligi wonten panaliten *variasi ujaran*, saha nyinau *konteks sosial*. *Sosiolinguistik* menika nлити sambung rapetipun antawisipun *faktor-faktor sosial* kaliyan *variasi* basa.

Miturut Nababan (1984: 2), *sociolinguistik* inggih menika ngelmu ingkang nyinau pirembagan basa ingkang gayut kaliyan panganggenipun basa minangka anggota saking masarakat. Wardaugh, 1986 saha Holmes, 1995 (lumantar Wijaya saha Muhammad Rohmadi, 2006: 11), ngandharaken bilih *sociolinguistik* inggih menika ngelmu basa ingkang ngandharaken *korelasi* ing antawisipun wujuding *struktur* utawi *elemen* basa mawi *fakor-faktor sosiokultural* saha pangretosan ngelmu *linguistik* kados ta *fonologi*, *morfologi*, *sintaksis*, sarta *semantik* dhateng *objek* panalitenipun, inggih menika basa saha *variasi* basanipun.

Fishman (salebetipun Chaer saha Leonie Agustina, 1995: 9) mratelaken bilih ingkang dados prakawis salebetipun *sociolinguistik* inggih menika, “*who speak, what language, to whom, when, and to what end*”, sinten ingkang nuturaken, basanipun menapa, kangge sinten, rikala menapa, saha ginanipun menapa menawi sampun rampung anggenipun nuturaken. Miturut Kridalaksana (salebetipun Chaer saha Leonie Agustina, 1995: 80) ngandharaken bilih *sociolinguistik* inggih menika *cabang* ngelmu *linguistik* ingkang ngandharaken titikanipun *variasi* basa saha gayutipun *variasi* basa kaliyan titikanipun masarakat *sosial*.

Saking andharan saha pamanggih para ahli wonten nginggil, saged dipunpendhet dudutan bilih *sociolinguistik* inggih menika salah satunggaling ngelmu ingkang nyinau saha ngrembag prakawis-prakawis basa, ginanipun basa, saha sambung rapetipun basa wonten bebrayaning masarakat ingkang gayut kaliyan *kelas sosial* masarakat ingkang ndayani wujudipun *variasi* basa wonten madyaning masarakat.

2. Variasi Basa

Variasi basa menika kadayan saking masarakat tutur ingkang *heterogen* saha *interaksi sosial* ing antawisipun masarakat. Miturut Chaer saha Leonie Agustina (1995: 81), *variasi* basa menika wonten kalih. Kapisan, *variasi* basa dipuntingali minangka asiling *variasi penutur* saha *variasi fungsi* basanipun. Kaping kalih, *variasi* basa menika sampun wonten kangge njangkepi ginanipun minangka piranti *interaksi* wonten masarakat. Ngelmu ingkang nyinau *variasi* basa inggih menika *dialektologi* (Francis lumantar Nadra & Reniwati, 2009: 1).

Linguistik teoretis ngandharaken bilih sedaya *variasi* basa minangka *parole*, ingkang miturut *konsep* de Saussure, *etic* miturut *konsep* Pike, saha *performance* miturut *konsep* Chomsky (de Saussure, 1959, 13; Kridalaksana 1992: 53; Chomsky, 1963: 3), menika minangka wujuding *langue*, *emic*, saha *competence* ingkang sami. Wonten salebetipun *sociolinguistik* basa Jawi, priyantun ingkang *status sosial*-ipun langkung andhap, nuturaken *laras* tutur ingkang inggil (krama) dhateng mitra tutur ingkang *status sosial*-ipun langkung inggil (Wijaya saha Muhammad Rohmadi, 2006: 2-6).

Variasi basa menika minangka salah satunggaling bukti wujudipun kasugihaning basa menika piyambak wonten madyaning masarakat. Supados langkung gampang, Chaer saha Leonie Agustina (1995: 82-96) mratelaken *variasi* basa ing antawisipun *variasi* basa saking *segi* panuturipun, *variasi* basa saking *segi* panganggenipun, *variasi* basa saking *segi* kaformalanipun, saha *variasi* basa saking *segi* sarananipun. Andharanipun kados ingkang wonten ngandhap menika.

a. *Variasi Basa saking Segi Panuturuipun*

1) *Idiolek*

Idiolek inggih menika *variasi* basa ingkang sipatipun *individu*. Saben priyantun gadhah *variasi* basa piyambak-piyambak. Tuladhanipun, wonten priyantun ingkang nambahi tuturan mawi a, o, utawi e. *Variasi* basanipun menika gayut kaliyan warninipun swanten, pamilihing tembung, *gaya bahasa*, tata rakiting ukara, saha sanes-sanesipun. Ingkang tumunjul inggih menika warninipun swanten, satemah menawi kita sampun celak kaliyan salah satunggaling kanca, pramila menawi kita mireng swantenipun tanpa ningali priyantunipun menika kita sampun mangretos sinten priyantun kasebat. Priyantun ingkang kembar, menika ugi gadhah *idiolek* ingkang beda. Mangretosi idiolek saben priyantun menika langkung gampil tinimbang saking *karya* awujud seratan.

2) *Dialek*

Miturut Chambers saha Trudgill (salebetipun Nadra & Reniwati, 2009: 2), *dialek* inggih menika wujuding basa ingkang wonten sangandhaping basa *standar*, *status*-ipun langkung andhap, saha asring dipunsebat basa ingkang kasar. Collins (lumantar Nadra & Reniwati, 2009: 3) ngandharaken bilih *dialek* inggih menika *ragam* basa ingkang saged dipunbedakaken kaliyan *ragam* basa sanesipun adhedhasar panyebatan, tetembungan, saha tata rakiting basa. Kangge nemtokaken tetembungan ingkang dipuntuturaken dening masarakat tartamtu menika minangka basa menapa *dialek*, prelu dipunmangretosi titikanipun kanthi cetha. Menika saged dipuntingali saking *fonem-fonem*, wujud, saha teges ingkang wonten tetembungan ingkang dipuntuturaken.

Dialek inggih menika *variasi* basa saking setunggal kelompok panutur ingkang cacahipun *relatif*, ingkang mapan wonten salah satunggalipun tlatah tartamtu. *Dialek* menika asring dipunsebat *dialek areal*, *dialek regional*, utawi *dialek geografi*. Para panutur *dialek*, sinaosa gadhah *idiolek* piyambak-piyambak, taksih wonten titikan ingkang sami bilih panutur-panutur menika saking setunggal *dialek*. Tuladhanipun, *dialek* Surabaya beda kaliyan *dialek* Mataraman, *dialek* Banyumasan, *dialek* Semarang, *dialek* Pekalongan. Dialek-dialek menika wonten titikanipun ingkang beda kaliyan *dialek-dialek* sanesipun. Ananging *dialek-dialek* menika kalawau taksih wonten basa ingkang sami, inggih menika kalebet basa Jawi.

Meillet lumantar Ayatrohaedi (1979: 2) ngandharaken bilih titikanipun *dialek* inggih menika “*perbedaan dalam kesatuan saha kesatuan dalam perbedaan.*” Wondene Ayatrohaedi (1979: 3-5) mratelaken, bedanipun menika saged dipunpantha dados gangsal warni.

a) *Perbedaan Fonetik*

Bedanipun menika wonten *fonologi*-nipun. Biyasanipun, ingkang ngginakaken *dialek* utawi basa menika boten sadar wontenipun *perbedaan fonetik* kasebat. Pramila, *perbedaan fonetik* menika kedah mangretos *sebaran geografis* ewah-ewahan swanten kangge manggihaken *korespondensi kaidah*-ipun. Tuladhanipun, anggenipun nglafalaken swanten *vokal* wonten tembung:

- piring [pirɪŋ] ‘*piring*’ = Jawa baku
- piring [pɪrɪŋ] ‘*piring*’ = Jawa Surabaya
- sepuluh [səpʊlʊh] ‘*sepuluh*’ = Jawa baku
- sepuluh [səpʊɪʊh] ‘*sepuluh*’ = Jawa Surabaya

b) *Perbedaan Semantik*

Perbedaan semantik inggih menika ngaripta tetembungan enggal adhedhasar *fonologi* saha ewah-ewahaning wujud, satemah tegesipun ewah. Ewahing teges menika wonten kalih warni.

(1) Maringi nama ingkang beda kangge *lambang* ingkang sami (*sinonim*).

Tuladhanipun inggih menika: [jɛɖlɪŋ] ‘*kamar mandi*’ = Jawi Wetan

[kolah] ‘*kamar mandi*’ = Jawa baku

(2) Maringi nama ingkang sami kangge *lambang* ingkang beda (*homonim*).

Tuladhanipun inggih menika: [kaɖɔʔ] ‘*celana dalam*’ = Jawi Wetan

[kaɖɔʔ] ‘*celana panjang*’ = Jawa baku

c) *Perbedaan Onomasiologis*

Perbedaan onomasiologis inggih menika maringi nama ingkang beda adhedhasar *lambang* ingkang sami, ananging wonten papan utawi tlatah ingkang beda. Tuladhanipun inggih menika ‘*ketela pohon*’ wonten tlatah Jawa Timur, Jawa Tengah, saha DIY beda anggenipun nyebat. Wonten [telɔ], [jendal], saha [bodlɪŋ]. Tuladha sanesipun inggih menika ‘*cobek*’, wonten ingkang nyebat [lɛmpɛr], [cowɛʔ], saha [layah].

d) *Perbedaan Semasiologis*

Perbedaan semasiologis menika kosok wangsulipun *onomasiologis*. Tegesipun inggih menika maringi nama ingkang sami kangge *lambang* ingkang beda. Tuladhanipun inggih menika tembung kijang, tegesipun wonten kalih, inggih menika hayawan kijang saha mobil ingkang *merk*-ipun *kijang*. Tuladha salajengipun tembung gorengan, tegesipun wonten kalih, inggih menika piranti

kangge nggoreng (wajan wonten *dialek* Jawi Wetan) saha tetedhan ingkang dipungoreng, kados ta pisang goreng, tape goreng, saha bakwan.

e) *Perbedaan Morfologis*

Perbedaan morfologis menika dipunwatesi paugeranipun tata basa. Dadosipun, *perbedaan morfologis* menika gayut kaliyan sedaya *aspek* ingkang kalebet *kajian morfologis*, inggih menika *aspek afiksasi*, *reduplikasi*, saha *pemajemukan*. Tuladhanipun manawi saking *konsep afiks* inggih menika (-na), (-aken), (-ake), saha (-ke).

Dialek-dialek basa Jawi minangka panjurung saha pamisah *fungsi* kaliyan basa Jawi ingkang *standar* (Wijaya saha Muhammad Rohmadi, 2006: 87). Basa ingkang wonten tlatah Jawi menika dipunwastani basa Jawi. Basa Jawi menika ingkang murugaken basa dados maneka warni *dialek*. *Dialek* Jawi Wetan menika *dialek* ingkang wonten tlatah ingkang priyantun-priyantunipun menika saking Jawa Timur. Wondene, papan *geografis* saking *peta Provinsi* Jawa Timur inggih menika watesipun *Provinsi* Jawa Timur sisih ler menika *Laut* Jawa, sisih wetan menika *Selat* Bali, sisih kidul menika *Samudera* Hindia, saha sisih kilen menika *Provinsi* Jawa Tengah (Gambar *Peta Provinsi* Jawa Timur wonten *lampiran*).

Dialek Jawi Wetan menika beda kaliyan *dialek-dialek* saking sanesipun. Inggih dipunsebat *dialek* Jawi Wetan inggih menika basa masarakat ingkang asli wonten tlatah-tlatah wonten sakiwa tengenipun Surabaya, Mojokerta, Pasuruan, Malang, Blitar ingkang dipunginakaken wonten pasrawungan padintenan, saha wonten kasenian ludruk (Soedjiatno, dkk, 1984: 8). Bedanipun menika dipuntingali saking *satuan-satuan lingual*-ipun. *Satuan lingual* inggih menika *unit* utawi

perangan ingkang paling alit saking basa. *Unit* ingkang dipuntegesi menika saged awujud *tunggal* utawi *jamak*. Wondene, jinisipun *satuan-satuan lingual* kasebat inggih menika *fonem*, *morfem*, *tembung*, *frase*, *klausa*, saha ukara.

(1) Fonem

Suhardi (2013: 27), ngandharaken bilih *fonologi* menika bab ingkang gayut kaliyan swantenipun basa saha *fonem*. Miturut *Kamus Besar Bahasa Indonesia* (2015: 396a), *fonem* inggih menika *satuan* swanten ingkang alit piyambak, ingkang nedahaken *kontras*-ipun teges. Samsuri (1982: 127) mratelaken bilih *fonem-fonem* menika kapantha dados kalih, inggih menika *fonem segmen* saha *fonem suprasegmen*. *Fonem segmen* menika wonten kalih, inggih menika *fonem vokal* saha *fonem konsonan*.

Fonem suprasegmen menika wonten *tekanan*, *nada*, *panjang*, saha *jeda*. Miturut Nurhadi (1995: 297), *fonem* inggih menika *satuan terkecil* saking swantening basa ingkang saged mbedakaken teges. *Lambang fonem* kaserat ing antawisipun garis miring /.../, tuladhanipun /p/, /b/, /y/, /j/, lan sapanunggalipun. Alwi, Hasan, dkk. (2003: 26) mrathelaken *fonem* inggih menika swantening basa ingkang saged mbedakaken wujud saha tegesipun tembung.

(2) Morfem

Miturut Nurhadi (1995: 300), *morfem* inggih menika wujud ing tembung ingkang paling alit, ingkang wonten tegesipun ing salebetipun tembung kasebat. Keraf (1984: 52) lumantar Nurhadi mrathelaken bilih *morfem* menika saged kawujud saking setunggal swanten, kalih swanten, utawi mapinten-pinten swanten ingkang wonten tegesipun. Samsuri (1982: 170) ugi ngandharaken *morfem* inggih

menika komposit wujud saha teges paling alit ingkang sami utawi mirip saha wongsal-wangsul. Umumipun, *morfem* dipunsukani tandha *kurung kurawal* {...}. Miturut *Kamus Besar Bahasa Indonesia* (2015: 929b), *morfem* inggih menika *satuan basa* ingkang alit piyambak ingkang tegesipun boten ewah-ewah saha boten saged dipunpantha langkung alit malih tegesipun.

Suwadji, dkk. (1981: 28) ngandharaken *morfem* menika kapantha dados kalih, inggih menika:

- (a) *Morfem bebas*, inggih menika *morfem* ingkang saged madeg piyambak minangka tembung dhasar. Tuladhanipun tembung buku, klambi, mulih, sapu, cepit, lan sapanunggalanipun. Tembung-tembung kasebat dipunsebat minangka *monomorfemik*.
- (b) *Morfem terikat*, inggih menika *morfem* ingkang boten saged madeg piyambak manawi boten dipunsambetaken kaliyan *morfem* sanesipun, tegesipun kadayan saking *morfem tunggal*, kalih *morfem* utawi langkung. Tuladhanipun tembung kecepit, dolanan, diombe, lan sapanunggalanipun. Tembung-tembung kasebat dipunsebat minangka *polimorfemik*. *Morfem* menika dipunwiyaraken mawi nambahi *afiks*.

(3) Tembung

Nurhadi (1995: 305) ngandharaken bilih, tembung inggih menika *satu kesatuan* ingkang wetah ingkang wonten tegesipun. Tembung ingkang prasaja piyambak kadayan saking setunggal *morfem bebas*. Miturut *Kamus Besar Bahasa Indonesia* (2015: 633a), tembung inggih menika *unsur* basa ingkang

dipuntuturaken saha dipunserat minangka wujud nyawijinipun raos pangraos saha penggalih, ingkang saged dipunginakaken kangge nuturaken basa.

(4) *Frasa*

Frasa inggih menika *satuan linguistik* ingkang kadayan saking kalih tembung utawi langkung, ingkang boten sami kaliyan *klausa* (Cook, 1971: 91; Elson saha Pickett, 1969: 73 lumantar Tarigan (1983)). Ramlan (salebetipun Nurhadi, 1995: 314) ngandharaken bilih *frasa* inggih menika *satuan gramatik* ingkang kadayan saking kalih tembung utawi langkung ingkang boten nglangkungi saking watesing *fungsi*.

Wondene, miturut Wijana (2011: 77-78), ingkang dipuntegesi watesing fungsi inggih menika kalenggahan minangka jejer (J), wasesa (W), lesan (L), saha katrangan (K). Jejer (J) inggih menika peranganipun ukara ingkang dipunandharaken, dipunngendikakaken, dipuncariyosaken kadospundi kawontenanipun saha mobah mosikipun (Padmosoekotjo, 1953: 9). Wasesa (W) inggih menika sadaya tembung ingkang ngandharaken jejer, wonten *bab* solah-bawanipun utawi kawontenanipun (Padmosoekatja, 1953: 11).

Lesan (L) inggih menika barang ingkang dipunles, barang ingkang dipunkengingi padamelan. Pramila, lesan menika kathah-kathahipun ngginakaken tembung aran. (Padmosoekotjo, 1953: 17). Gorys Keraf (lumantar Nurhadi, 1995: 314) mratelaken *frase* inggih menika *konstruksi* ingkang kadayan saking setunggal tembung utawi langkung ingkang nyawiji, ingkang minangka setunggal *fungsi*. *Frasa* inggih menika gabungan kalih tembung utawi langkung ingkang sipatipun *non-predikatif*.

(5) *Klausa*

Klausa inggih menika kelompok tembung ingkang ngewrat setunggal wasesa (Cook, 1971: 65; Elson saha Pickett, 1969: 64 lumantar Tarigan (1983)). Dene Ramlan (1976: 56) lumantar Tarigan (1983) ngandharaken bilih *klausa* inggih menika salah satunggal saking wujuding *linguistik* ingkang kadayan saking jejer saha wasesa. Miturut *Kamus Besar Bahasa Indonesia* (2015: 706b), *klausa* inggih menika *satuan gramatikal* ingkang ngewrat wasesa (*predikat*) saha wonten *potensi* dados ukara. Dadosipun, *klausa* menika minangka *cikal bakal*-ipun sadaya jinising ukara.

(6) *Ukara*

Ukara inggih menika reroncening tembung sawetawis, ingkang dados wedharing pamanggihipun manungsa, awujud katrangan, pitakenan, panyuwun, utawi sanesipun. Ukara menika saged saking kalih tembung, tigang tembung, saha boten awujud jejer utawi wasesa, wondene sampun saged ngemot wedharing pamanggihipun manungsa (Padmosoekatja, 1953: 7). Ukara inggih menika *satuan* basa ingkang saged madeg piyambak, ingkang saged kawujud saking *klausa* (Cook, 1971: 39-40; Elson saha Pickett, 1969: 82 lumantar Tarigan (1983)).

Fokker (lumantar Mulyana, 2005: 8) ngandharaken bilih, ukara inggih menika tuturan basa ingkang tegesipun jangkep saha dipunsengkuyung dening *intonasi* ingkang sampurna. Miturut *Kamus Besar Bahasa Indonesia* (2015: 609a), ukara inggih menika *kesatuan* tuturan ingkang ngandharaken salah satunggaling *konsep* penggalih saha raos pangraos.

3) *Kronolek*

Kronolek utawi *dialek temporal* inggih menika *variasi* basa ingkang dipunginakaken masarakat wonten wekdal tartamtu. Tuladhanipun *variasi* basa Jawi ingkang dipunginakaken wonten taun tigang dosoan, *variasi* basa Jawi ingkang dipunginakaken wonten taun seketan, *variasi* basa Jawi ingkang dipunginakaken wonten jaman samenika. Menika temtunipun wonten ewah-ewahanipun miturut ewah gingsiripun jaman.

4) *Sosiolek*

Sosiolek utawi *dialek sosial* inggih menika *variasi* basa ingkang gayut kaliyan *status*, *golongan*, saha *kelas sosial* para panuturipun. Adhedhasar saking yuswa, lare-lare, *remaja*, dewasa, menapa dene tiyang sepuh menika ugi wonten bedanipun anggenipun nuturaken tetembungan. Pirembagan ing antawisipun pelajar kaliyan ingkang sanes pelajar, pirembagan ing antawisipun golongan buruh kaliyan golongan tani, pirembagan ing antawisipun ibu kaliyan eyang ugi beda. Bedanipun menika wonten prakawis *morfologi*, *sintaksis*, tetembungan, saha sanes-sanesipun.

Chaer saha Leonie Agustina (2010: 65-68) mratelaken bilih, wonten madyaning masarakat ingkang tepang *tingkat kebangsawanan*, saged dipuntingali *variasi* basa ingkang gayut kaliyan *tingkat kebangsawanan* menika. Inggih dipunsebat undha-usuk (basa Jawi) utawi *sor singgih* (basa Bali) menika wonten *variasi* basa ingkang gayut kaliyan *tingkat kebangsawanan*. Gayut kaliyan *tingkat kebangsawanan*, dipunpanggihaken *variasi* basa inggih menika *akrolek*, *basilek*, *vulgar*, *slang*, *kolokial*, *jargon*, *argot*, saha *ken*.

Akrolek inggih menika *variasi* basa ingkang langkung inggil utawi basa langkung *gaul* tinimbang *variasi* basa sanesipun. Tuladhanipun basa bagongan ingkang mligi dipunginakaken wonten kraton Jawi. *Basilek* inggih menika *variasi* basa ingkang langkung andhap tinimbang *akrolek*. Tuladhanipun inggih menika basa Jawi krama ndesa. *Vulgar* inggih menika *variasi* basa ingkang dipunginakaken dening tiyang ingkang *pendidikan*-ipun asor. *Slang* inggih menika *variasi* basa ingkang sipatipun mligi utawi *rahasia*. Tegesipun, basa menika dipunginakaken dening *golongan* tartamtu, satemah *golongan* sanesipun boten mangretos. Basa *slang* dipunginakaken dening kawula muda saha dipunsebat basa *prokem*.

Kolokial inggih menika *variasi* basa ingkang dipunginakaken wonten pirembagan padintenan, sanes basa seratan. *Jargon* inggih menika *variasi* basa ingkang dipunginakaken dening golongan tartamtu kanthi winates, ananging boten *rahasia*. *Argot* inggih menika *variasi* basa ingkang dipunginakaken wonten salebetipun *profesi* tartamtu, sipatipun mligi utawi *rahasia*. *Ken* inggih menika *variasi* basa ingkang sipatipun nyuwun welas asih. Tuladhanipun swanten basa ingkang dipunginakaken dening tiyang ingkang nyuwun-nyuwun wonten margi.

b. Variasi Basa saking Segi Panganggenipun

Variasi basa adhedhasar panganggenipun utawi ginanipun dipunsebat *fungsi*lek (Nababan salebetipun Chaer saha Leonie Agustina (1995: 89)), *ragam* utawi *register*. *Variasi* basa menika ingkang gayut kaliyan *bidang* ingkang wonten sambung rapetipun kaliyan basa. Tuladhanipun *bidang ilmiah*, sastra, *jurnalistik*, *militer*, tani, sesadayan, pawiyatan saha sanes-sanesipun. *Variasi* basa menika sampun jumbuh menawi dipunsebat *register*. *Register* dipungayutaken kaliyan

dialek. Dialek gayut kaliyan sinten ingkang ngginakaken basa, wonten pundi, rikala menapa anggenipun ngginakaken. *Register* gayut kaliyan basa menika dipunginakaken kangge kegiatan menapa (Chaer saha Leonie Agustina, 1995: 90-91).

c. **Variasi Basa saking Segi Kaformalanipun**

Martin Joos (salebetipun Chaer saha Leonie Agustina. 1995: 92) wonten bukunipun “*The Five Clock*”, mratelaken *variasi* basa wonten gangsal warni *ragam*, inggih menika *ragam beku (frozen)*, *ragam resmi (formal)*, *ragam usaha (konsultatif)*, *ragam santai (casual)*, saha *ragam akrab (intimate)*.

1) **Ragam beku (frozen)**

Ragam beku utawi *frozen* inggih menika *variasi* basa ingkang dipunginakaken kangge kegiatan ingkang *khidmat*, upacara-upacara *resmi*, khotbah. Dipunsebat *ragam beku* amargi sampun wonten paugeran-paugeran ingkang gumathok, boten saged dipunewahi malih, ukaranipun kaku. Tuladhanipun ingkang awujud seratan inggih menika wonten *dokumen-dokumen sejarah*, *undang-undang dasar*, saha *akte notaris*.

2) **Ragam resmi (formal)**

Ragam resmi dipunsebat *gaya baku* utawi *formal*. *Gaya baku* menika langkung *fleksibel*. *Variasi* basa *ragam resmi* dipunginakaken wonten lembaga-lembaga pendidikan, sesorah nagari, *rapat dinas*, *ceramah* agami, buku-buku pelajaran, piremangan peminangan, piremangan wonten ruwang kuliah. Paugeranipun dipundamel minangka *kaidah* ingkang *standar*.

3) *Ragam usaha (konsultatif)*

Ragam usaha utawi *konsultatif* inggih menika *variasi* basa ingkang dipunginakaken wonten pawiyatan, pirembagan, saha *seminar* kangge produksi. *Ragam usaha (konsultatif)* menika saged dipunsebat *ragam* basa ingkang *operasional* utawi setengah *resmi*. Dipunsebat mekaten amargi basanipun mapan ing antawisipun *gaya formal* kaliyan *gaya informal*, saha asring dipunginakaken dening para *pengusaha*.

4) *Ragam santai (casual)*

Ragam santai utawi *casual* inggih menika *variasi* basa ingkang dipunginakaken wonten kawontenan ingkang boten *resmi*, kados ta, pirembagan kaliyan kulawarga utawi kanca ingkang sampun rumaket nalika plesir, pirembagan wonten warung-warung, saha wonten sapinggiripun margi. *Ragam* menika kathah ngginakaken wujud *allegro*, inggih menika wujudipun tembung utawi tuturan ingkang dipuncetak. Tetembunganipun kathah ngginakaken *dialek* utawi basa *daerah*.

5) *Ragam akrab (intimate)*

Ragam akrab utawi *intimate* inggih menika *variasi* basa ingkang sampun kulina dipunginakaken dening para panutur ingkang sampun rumaket, kados ta, ing antawisipun anggota kulawarga, kanca kaliyan kanca ingkang *karib*. Titikanipun, basa ingkang dipunginakaken cekak, boten jangkep, mawi *artikulasi* ingkang kirang cetha, amargi partisipan sampun mangretosi basa ingkang sampun kulina dipunginakaken.

d. *Variasi Basa saking Segi Sarananipun*

Variasi basa saged dipuntingali saking sarana utawi *jalur* ingkang dipunginakaken. *Variasi* menika saged dipunsebat *ragam lisan* saha *ragam* seratan utawi *ragam* ingkang ngginakaken piranti *telepon* utawi *telegraf* nalika nuturaken basa. *Ragam lisan* saha seratan menika wonten *struktur* ingkang beda, ingkang kadyan saking *ragam lisan* ingkang wonten *unsur* tambahanipun awujud *nonlinguistik*, tuladhanipun swanten, menapa dene ebahing badan. Kamangka, wonten basa seratan, swanten saha ebahing badan menika boten wonten.

Wonten basa lisan, menawi nalika nyuwun tulung tiyang sanes, cekap ngginakaken tata rakiting ukara, "Serbetana iki!" Mitra tutur sampun mangretos menapa tegesipun ukara menika, amargi *posisi* mitra tutur wonten celakipun panutur. Menawi wonten basa seratan, tiyang sanes boten badhe mangretosi menapa tegesipun. Pramila, saged dipunserat, "Serbetana piringe!" Dadosipun tembung "iki" dipungantos tembung aran supados para pamaos saged prisa menapa ingkang dipuntegesi.

3. Basa Jawi *Dialek* Jawi Wetan

Basa Jawi *dialek* Jawi Wetan menika basa ingkang nggambaraken madyaning masarakat Jawa Timur. Ingkang dipunsebat *dialek* Jawi Wetan inggih menika basa masarakat ingkang asli wonten tlatah-tlatah wonten sakiwa tengenipun Surabaya, Mojokerta, Pasuruan, Malang, Blitar ingkang dipunginakaken wonten pasrawungan padintenan, saha wonten kasenian ludruk (Soedjiatno, Dwi Saksama, Adnan Latief, saha Moehnil Abib, 1984: 8).

Sasanesipun menika, ingkang dipunsebat *dialek* Jawi Wetan menika minangka *penanda sosial* masarakat Jawa Timur kanthi wujud saha titikan tembung-tembung ingkang mligi. Wujud saha titikanipun basa *dialek* Jawi Wetan menika saged dipuntliti saking jinising *satuan-satuan lingual* basa Jawi *dialek* Jawi Wetan. *Dialek* Jawi Wetan inggih menika salah setunggaling *variasi* basa Jawi ingkang dipuntuturaken dening masarakat Jawi wonten tlatah Jawa Timur. Basa Jawi *dialek* Jawi Wetan menika menika sanes basa Jawi ingkang baku. Basa Jawi *dialek* Jawi Wetan menika wonten wujud saha titikanipun manawi dipuntingali saking *satuan-satuan lingual* basanipun.

4. Novel Kerajut Benang Ireng

Novel menika minangka salah satunggaling asiling *karya sastra fiksi* ingkang taksih dipunugemi dening masarakat, mliginipun para *remaja*. Miturut *Kamus Besar Bahasa Indonesia* (2015: 969a), *novel* inggih menika karangan *prosa* ingkang ngewrat rerangkening cariyos pagesanganipun manungsa saha sesambetanipun kaliyan bebrayan sakiwa tengenipun kanthi nengenaken sipatipun saben paraga.

Novel Kerajut Benang Ireng inggih menika *novel* ingkang nggambaraken kawontenanipun masarakat Jawa Timur. *Novel* ingkang irah-irahanipun *Kerajut Benang Ireng* menika anggitanipun Harwimuka. Kababar dening *Penerbit Sinar Wijaya* rikala taun 1993 wonten kitha Surabaya. Pramila, *novel* menika dipunyakini bilih wosing cariyos menika ngewrat basa Jawi *dialek* Jawi Wetan. Sinaosa boten persis, ananging cariyos menika kalebet cariyos saking Jawa Timur, dipuntingali saking papan-papan utawi *setting* ingkang dipunginakaken.

Novel menika salah setunggaling *seri Puspa Pustaka*, ingkang kababar sareng *novel* ingkang irah-irahanipun *Kembang Alangalang* dening Margareth Widhi Pratiwi, *Nalika Prau Gonjing* dening Ardini Pangastuti, *Sintru Oh Sintru* dening Suryadi Ws., saha *Kubur Ngemut Wewadi* dening Ay Suharyono. *Novel Kerajut Benang Ireng* menika nyariyosaken salah satunggaling kaum mudha ingkang madosi jati dhirinipun, dipunwiwiti nalika kaum mudha ingkang dipuntilar dening tiyang sepuh kekalih nalika taksih alit.

B. Panaliten ingkang Jumbuh

Panaliten ingkang jumbuh kaliyan panalitenipun panyerat inggih menika panalitenipun Minarti Kumaratih taun 2014 kanthi irah-irahan *Penggunaan Dialek Jawa Timur dalam Wacana Rujak Cingur* *Majalah Panjebar Semangat*. Asiling panaliten menika ngandharaken prakawis *fonologis, morfologis, leksikal*, saha *semantik* wonten *dialek* Jawi Wetan wonten salebetipun salah satunggalipun *rubrik* saking kalawarti Panjebar Semangat, inggih menika *rubrik* Rujak Cingur.

Panaliten menika jumbuh kaliyan panalitenipun panyerat, inggih menika sami-sami ngginakaken dhasaring panaliten mawi ngelmu *Sosiolinguistik* saha sami-sami nliti prakawis *dialek* ingkang dipunginakaken dening masarakat Jawa Timur. Panaliten menika ngginakaken kalawarti Panjebar Semangat *rubrik* Rujak Cingur minangka *subjek* panalitenipun, manawi panyerat ngginakaken novel kanthi irah-irahan *Kerajut Benang Ireng* minangka *subjek* panalitenipun. Asiling panalitenipun panyerat inggih menika jinis, wujudipun, saha titikaning *satuan-satuan lingual* basa Jawi *dialek* Jawi Wetan.

Panaliten ingkang jumbuh ingkang nomer kalih inggih menika panaliten ingkang dipuntindakaken dening Surya Ayu Septyanti taun 2014 kanthi irah-irahan Humor *Dialek* Jawa Timuran salebeting Kempalan *Video Youtube* Anggitanipun Bayu Skak. Asiling panaliten menika ngandharaken wujud, jinis, saha *fungsi*-nipun humor salebeting *video* humor *dialek* Jawa Timuran wonten kempalan *video youtube* Bayu Skak.

Panaliten menika jumbuh kaliyan panalitenipun panyerat, inggih menika sami-sami ngginakaken dhasaring panaliten mawi ngelmu *Sosiolinguistik* saha *variasi* basa. Bedanipun wonten asiling panaliten saha *subjek* panalitenipun. Panaliten menika ngandharaken wujud, jinis, saha *fungsi*-nipun humor *dialek* Jawi Wetan saha ngginakaken *video Youtube* anggitanipun Bayu Skak minangka *subjek* panalitenipun. Manawi panyerat, ngandharaken jinis, wujud, saha titikaning *satuan-satuan lingual* basa Jawi *dialek* Jawi Wetanan, sarta ngginakaken *novel* kanthi irah-irahan *Kerajut Benang Ireng* minangka *subjek* panalitenipun.

C. Nalaring Pikir

Panganggening basa dening masarakat Jawi wonten padintenan menika wonten maneka warni. Basa ingkang maneka warni menika dipunwastani *variasi* basa. *Variasi* basa ingkang dipunginakaken dening masarakat menika saged dipunbedaaken ing antawisipun saking *segi* panuturipun, inggih menika *idiolek*, *dialek*, *kronolek*, saha *sosiolek*. Salajengipun, saking *segi* panganggenipun, inggih menika *fungsi*lek, *ragam*, saha *register*. Saking *segi* kaformalanipun, inggih menika *baku*, *resmi*, *santai*, *usaha*, saha *akrab*. Salajengipun saking *segi* sarananipun, inggih menika *lisan* saha *tulis*.


Dialek menika salah satunggal saking *variasi* basa ingkang dipuntuturaken dening masarakat wonten tlatah tartamtu. Dipunsebat basa *dialek* manawi masarakatipun mangretosi saha nyarujuki wontenipun tembung-tembung ingkang dados *dialek* kasebat. Wontenipun basa *dialek* menika ugi adhedhasar saking *faktor geografis*-ipun. Pramila, basa *dialek* menika basa ingkang dados titikanipun salah satunggaling tlatah tartamtu. Kados ta, *dialek* Jawi Wetanan, *dialek* Banyumasan, *dialek* Tengahan utawi Mataraman, saha *dialek* Surakarta-Yogyakarta.

Dialek Jawi Wetan menika basa ingkang dipuntuturaken dening masarakat Jawi ingkang mapan wonten tlatah Jawa Timur saha sanes minangka basa ingkang baku. *Dialek* Jawi Wetan menika sasanipun wonten tuturanipun masarakat langsung, ugi kapanggihaken wonten kalawarti-kalawarti saha *novel* ingkang ngginakaken basa Jawi. *Novel* ingkang ngginakaken basa Jawi inggih menika *novel* kanthi irah-irahan *Kerajut Benang Ireng* anggitanipun Harwimuka. Basa ingkang dipunginakaken wonten salebeting *novel* menika nggambaraken kawontenan madyaning masarakat ingkang ngginakaken basa Jawi *dialek* Jawi Wetan.

Basa *dialek* menika ngewrat *satuan-satuan lingual* basa ingkang dados titikan. Wujuding titikan menika ingkang saged mbeda-mbedakaken *dialek* wonten salah satunggaling papan kaliyan papan sanesipun. Wonten panaliten menika dipunandharaken jinis, wujud, saha titikanipun *satuan-satuan lingual* basa Jawi *dialek* Jawi Wetan, ing antawisipun *fonem*, *morfem*, tembung, *frasa*, *klausa*, saha ukara. *Satuan-satuan lingual* kasebat wonten wujud saha titikanipun, inggih menika panganggening *fonem*, panganggening *morfem*, panganggening tembung, panganggening *frasa*, panganggening *klausa*, panganggening ukara, *paragraf*, saha

wacana. Adhedhasar teori-teori para ahli, manawi dipundamel bagan kados wonten ngandhap menika.

Bagan 1. Konsep Nalaring Pikir Panganggening Dialek Jawi Wetan wonten Novel Kerajut Benang Ireng.



BAB III

CARA PANALITEN

A. Jinising Panaliten

Jinising panaliten menika inggih menika panaliten *deskriptif*. Miturut Sudaryanto (1988: 62), panaliten *deskriptif* inggih menika panaliten ingkang dipuntindakaken kanthi ngandharaken *fakta* utawi kasunyatan ingkang jumbuh kaliyan kawontenan panuturipun, satemah ngasilaken andharan ingkang asli, boten dipunewah-ewahi utawi menapa wontenipun. Panaliten *deskriptif* inggih menika panaliten ingkang adhedhasar *fakta*, satemah ingkang dipunasilaken inggih menika *data* menapa wontenipun. Wonten panaliten menika dipuntindakaken kangge ngandharaken wujud saha titikanipun *satuan-satuan lingual* ingkang dados panandha basa Jawi *dialek* Jawi Wetan wonten *novel Kerajut Benang Ireng* anggitanipun Harwimuka.

B. Data Panaliten

Data wonten panaliten menika awujud tembung-tembung utawi *kosa kata* ingkang minangka titikanipun basa Jawi *dialek* Jawi Wetan, ingkang wonten salebetipun *novel Kerajut Benang Ireng* anggitanipun Harwimuka.

C. Sumber Data Panaliten

Sumber *data* panaliten menika inggih menika awujud *novel* kanthi irah-irahan *Kerajut Benang Ireng*. *Novel* menika anggitanipun Harwimuka ingkang cacahipun 125 kaca. *Novel* menika minangka *novel* seri 004 PUPUS ingkang kababar dening *Penerbit Sinar Wijaya* rikala taun 1993 wonten kitha Surabaya.

D. Caranipun Ngempalaken *Data*

Caranipun ngempalaken *data* wonten panaliten menika inggih menika kanthi cara maos saha nyathet. Cara maos menika panaliti maos sedaya *teks* wonten salebetipun *novel Kerajut Benang Ireng* kanthi tliti, kangge manggihaken tembung-tembung ingkang katitik dados basa Jawi *dialek* Jawi Wetan. Cara nyathet ingkang dipuntindakaken panaliti inggih menika kangge nyathet sedaya tembung ingkang ngandhut jinis, wujud, saha titikaning basa Jawi *dialek* Jawi Wetan wonten *novel Kerajut Benang Ireng*. Sedaya cara kangge ngempalaken *data* panaliten salajengipun wonten cak-cakanipun. Wondene, cak-cakanipun kangge ngempalaken *data* panaliten kaandharaken wonten ngandhap menika.

1. Panaliti maos sumber *data*-nipun, inggih menika *novel Kerajut Benang Ireng* ingkang ngewrat tembung-tembung ingkang katitik minangka *dialek* Jawi Wetan.
2. *Data* ingkang dipunpanggihaken menika dipuncathet wonten salebetipun kertu *data*.
3. *Data*-nipun awujud tembung-tembung ingkang wonten salebeting *novel Kerajut Benang Ireng* salajengipun dipunpadosi jinising *satuan-satuan lingual* ingkang dados panandha basa Jawi *dialek* Jawi Wetan.
4. *Data* menika dipun-*analisis* saking wujud saha titikanipun minangka *dialek* Jawi Wetan, kanthi ningali saking jinising *satuan-satuan lingual* basanipun.
5. Nalika *data* sampun dipuncathet kados tuladha *format* kertu *data* wonten ngandhap, sedaya *data* dipunkempalaken dados setunggal wonten *tabel analisis data* supados langkung gampang anggenipun nganalisis *data*.

E. Pirantining Panaliten

Wonten panaliten menika, ingkang dados pirantining panaliten inggih menika kertu *data*. Kertu *data* menika dipunginakaken kangge nyathet *data* ingkang badhe dipuntliti utawi dipun-*analisis*. Kertu *data* menika kangge nggampilaken panaliti anggenipun nлити *data*. *Data* ingkang dipuncathet wonten kertu *data* inggih menika awujud tembung-tembung ingkang katitik minangka basa Jawi *dialek* Jawi Wetan saking *novel Kerajut Benang Ireng*, kanthi ningali saking *satuan-satuan lingual* basanipun. Tuladhanipun kertu *data* kados wonten ngandhap menika.

Tabel 1. Format Kertu Data

Nomer <i>Data</i>		18
Sumber <i>Data</i>		KBI
Kaca		12
<i>Data</i>	<i>Konteks</i> Ukara	Fensi nyobi ngrayu Bayu supados boten kendhat anggenipun kesengsem kaliyan Fensi, ananging Bayu mangsuli menawi priyantun estri menika boten patut manawi ngrayu priyantun kakung.
	Tuturan	“Aih, cewek kok ngrayu, gak etis!”
Wujud		gak [g a ?]
<i>Analisis Data</i>	Jinis <i>Satuan Lingual</i>	Tembung
	Titikan <i>Satuan Lingual</i>	Gak (Jawi Wetan) ≠ ora (Jawi baku)
Katrangan	

Katrangan:

- | | |
|-----------------------|----------------------------------|
| a. Ko: <i>konteks</i> | i. A: <i>fonem /r/</i> |
| b. Da: <i>data</i> | j. B: <i>fonem /b/</i> |
| c. F : <i>Fonem</i> | k. C: <i>glottal /ʔ/</i> |
| d. M: <i>Morfem</i> | l. D: <i>fonem /w/</i> |
| e. T : <i>Tembung</i> | m. E: <i>konfiks</i> |
| f. Fr: <i>Frasa</i> | n. F: <i>prefiks</i> |
| g. K : <i>Klausa</i> | o. G: <i>diksi</i> |
| h. U : <i>Ukara</i> | p. H: <i>tembung lok</i> |
| | q. I: <i>kalenggahan tembung</i> |

G. Caranipun Ngesahaken *Data*

Caranipun ngesahaken *data* wonten panaliten menika inggih menika ngginakaken cara *validitas* saha cara *reliabilitas*. Cara *validitas* wonten panaliten menika ngginakaken *validitas semantis*, *pertimbangan ahli*, saha *triangulasi*. *Validitas semantis* menika *data-data* ingkang katitik minangka *dialek Jawi Wetan* menika dipunpadosi tegesipun. *Data valid* inggih menika *data* ingkang sampun jumbuh kaliyan *dialek Jawi Wetan*. Cara kanthi *pertimbangan ahli* inggih menika panaliti nyuwun prisa dhateng priyantun ingkang prisa babagan bidang menika, inggih menika *dosen pembimbing*.

Cara *triangulasi* wonten panaliten menika nge-cek saha ningali leresipun *data-data* ingkang sampun dipuntliti, kanthi ningali *kamus* saha panaliten-panaliten sanesipun ingkang jumbuh kaliyan panaliten menika. Miturut pamanggihipun

Setiyadi (2006: 32), *triangulasi teori* dipuntindakaken kanthi njumbuhaken *data* saking asiling panaliten adhedhasar *teori-teori* ingkang jumbuh. Salajengipun, *data-data* menika dipunsuwunaken prisa dhateng panutur asli utawi masarakat Jawa Timur ingkang nuturaken *dialek* Jawi Wetan wonten saben dintenipun.

Cara *reliabilitas* wonten panaliten menika kanthi *reliabilitas intrarater*. *Reliabilitas intrarater* inggih menika cara kanthi maos *novel Kerajut Benang Ireng* kanthi wongsal-wangsul dening panaliti piyambak. Tegesipun, anggenipun maos boten anamung kaping pisan, ananging saged langkung kathah. Amargi ing antawisipun maos sepisanan, maos ingkang kaping kalih, saha maos salajengipun, cacahipun *data* ingkang dipunpanggihaken boten mesthi sami.

Pramila, ancasing maos kanthi *reliabilitas* inggih menika supados *data* ingkang dipunprangguli menika langkung ajeg, boten ewah-ewah. Salajengipun, *data* ingkang sampun dipunpendhet menika dipuntliti jinising *satuan-satuan lingual* basa Jawi ingkang dados panandha *dialek* Jawi Wetan, saha wujud sarta titikan *dialek* Jawi Wetan manawi dipuntingali saking jinising *satuan-satuan lingual* basa ingkang dados panandha *dialek* Jawi Wetan wonten salebeting *novel Kerajut Benang Ireng*.

BAB IV

ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

A. Asiling Panaliten

Perangan menika ngemot asiling panaliten ingkang jumbuh kaliyan ancasing panaliten. Wonten panaliten menika, mahyakaken jinis, wujud, saha titikanipun *satuan-satuan lingual* basa Jawi *dialek* Jawi Wetan wonten *novel Kerajut Benang Ireng* anggitanipun Harwimuka. Jinising *satuan-satuan lingual* basa Jawi *dialek* Jawi Wetan salebeting *novel Kerajut Benang Ireng* ing antawisipun inggih menika *fonem, morfem, tembung, frasa, klausa*, saha ukara. Wujud saha titikanipun *dialek* Jawi Wetan menika dipuntingali saking pamilihing tembung wonten saben dintenipun saha cara anggenipun micara ingkang langkung sora saha teges.

Asiling panaliten menika dipunandharaken awujud *tabel* ringkesan wonten ngandhap menika. *Tabel* ringkesan ngandhap menika ngandharaken jinising *satuan-satuan lingual* basa Jawi, wujud, saha titikanipun basa Jawi *dialek* Jawi Wetan manawi dipuntingali saking jinising *satuan-satuan lingual* basa Jawi kasebat. *Data* asiling panaliten ingkang jangkep wonten salebeting kaca lampiran, wondene *analisis* panaliten saha *rujukan silang* utawi *kontras*, dipuncathet wonten pirembagan.

Tabel 3. Asiling Panaliten Jinis, Wujud, saha Titikanipun Satuan Lingual Basa Jawi Dialek Jawi Wetan wonten Novel Kerajut Benang Ireng anggitanipun Harwimuka.

No.	Data Tuturan	Jinis Satuan Lingual	Wujud saha Titikan Satuan Lingual	Katrangan
1.	Suwal cekak biru lepeg lan klambi putih amoh ora dirasa mlebu omah njegangrong kuwi. D.01/KBI/01	Fonem	Tanpa fonem /r/ = Jawi Wetan Tambah fonem /r/ = Jawi baku	suwal [s u w a l] ‘celana pendek’ = Jawi Wetan sruwal [s r u w a l] ‘celana panjang’ utawi ‘celana pendek’ = Jawi baku
2.	“Wah, wis isa basa krama, wis pinter jebule!” Bu Tiin banjur nyaut andhuk. D.04/KBI/04	Fonem	Tanpa fonem /b/ = Jawi Wetan Tambah fonem /b/ = Jawi baku	isa [i s ɔ] ‘bisa’ = Jawi Wetan bisa [b i s ɔ] ‘bisa’ = Jawi baku
3.	“Byuh, wangine, tambah nggantheng, mengko bubuk karo ibuk ya? Tak keloni.” D.05/KBI/04	Fonem	Tambah swanten glottal /ʔ/ = Jawi Wetan Tanpa fonem swanten glottal /ʔ/ = Jawi baku	ibuk [i b u ʔ] ‘ibu’ = Jawi Wetan ibu [i b u] ‘ibu’ = Jawi baku
4.	“Rak eman-eman urip pisan ae kok ngaya temen.” D.14/KBI/10	Fonem	Tanpa fonem /w/ = Jawi Wetan Tambah fonem /w/ = Jawi baku	ae [a e] ‘saja’ = Jawi Wetan wae [w a e] ‘saja’ = Jawi baku

Tabel Salajengipun.

No.	Data Tuturan	Jinis Satuan Lingual	Wujud saha Titikan Satuan Lingual	Katrangan
5.	Klambine Bayu diuculi diuncalne bak. D.03/KBI/02	<i>Morfem</i>	<i>Konfiks</i> (di-) + TL + (-ne) = Jawi Wetan <i>Konfiks</i> (di-) + TL + (-ke) = Jawi baku	(di-) + uncal + (-ne) → diuncalne ‘ <i>dilemparkan</i> ’ = Jawi Wetan (di-) + uncal + (-ke) → diuncalke ‘ <i>dilemparkan</i> ’ = Jawi baku
6.	Wedang segelas tanggung dicepakne cedhake Bu Tiin sing katon isih loyo. D.32/KBI/70	<i>Morfem</i>	<i>Konfiks</i> (di-) + TL + (-ne) = Jawi Wetan <i>Konfiks</i> (di-) + TL + (-ke) = Jawi baku	(di-) + cepak + (-ne) → dicepakne ‘ <i>disiapkan</i> ’ = Jawi Wetan (di-) + cepak + (-ke) → dicepakke ‘ <i>disiapkan</i> ’ = Jawi baku
7.	Jurus mbaka jurus dipraktekne tanpa kakehan tetimbangan, sawise jurus-jurus kuwi urut banjur dikombinasi nganti awake lempe-lempe. D.34/KBI/80	<i>Morfem</i>	<i>Konfiks</i> (di-) + TL + (-ne) = Jawi Wetan <i>Konfiks</i> (di-) + TL + (-ke) = Jawi baku	(di-) + praktek + (-ne) → dipraktekne ‘ <i>dipraktikkan</i> ’ = Jawi Wetan (di-) + praktek + (-ke) → dipraktekke ‘ <i>dipraktikkan</i> ’ = Jawi baku
8.	Klambi lorek ijo lumut diblusukne lengene cekat-ceket, keburu atine wis krasa diuber dening urip lan mati. D.35/KBI/84	<i>Morfem</i>	<i>Konfiks</i> (di-) + TL + (-ne) = Jawi Wetan <i>Konfiks</i> (di-) + TL + (-ke) = Jawi baku	(di-) + blusuk + (-ne) → diblusukne ‘ <i>dimasukkan</i> ’ = Jawi Wetan (di-) + blusuk + (-ke) → diblusukke ‘ <i>dimasukkan</i> ’ = Jawi baku

Tabel Salajengipun.

No.	Data Tuturan	Jinis Satuan Lingual	Wujud saha Titikan Satuan Lingual	Katrangan
9.	Ambegan landhung, kaya-kaya kesumate dadi pupus bareng dheweke gumlethak kanthi sikil lara yen diobahne . D.36/KBI/91	<i>morfem</i>	<i>Konfiks</i> (di-) + TL + (-ne) = Jawi Wetan <i>Konfiks</i> (di-) + TL + (-ke) = Jawi baku	(di-) + obah + (-ne) → diobahne ‘ <i>digerakkan</i> ’ = Jawi Wetan (di-) + obah + (-ke) → diobahke ‘ <i>digerakkan</i> ’ = Jawi baku
10.	“Nom-nomam kuwi brewok, yen ora salah aku tau weruh lagi nggonceng awakmu,” kandhane Bayu ora tatag. D.37/KBI/92	<i>Morfem</i>	<i>Prefiks</i> Nasal (ng-) + TL = Jawi Wetan <i>Konfiks</i> Nasal (m-) + TL + (-ke) = Jawi baku	(ng-) + gonceng → nggonceng ‘ <i>memboncengkan</i> ’ = Jawi Wetan (m-) + boceng + (-ke) → mboncengke ‘ <i>memboncengkan</i> ’ = Jawi baku
11.	Bayu digendhong banjur rada kesusu tumuju jedhing . D.02/KBI/02	Tembung	<i>Diksi</i> ≠ Jawi baku	jedhing [j ə ɖ I ŋ] ‘ <i>kamar mandi</i> ’ = Jawi Wetan kolah [k o l a h] ‘ <i>kamar mandi</i> ’ = Jawi baku tembung jedhing ≠ tembung kolah
12.	“ Nyapa , Pak, korane kok diobong?” pitakone Bu Tiin. D.07/KBI/05	Tembung	<i>Diksi</i> ≠ Jawi baku	nyapa → nyang + apa [ñ a p ɔ] ‘ <i>kenapa</i> ’ = Jawi Wetan ngapa → ana + apa [ŋ a p ɔ] ‘ <i>kenapa</i> ’ = Jawi baku tembung nyang + apa ≠ tembung ana + apa

Tabel Salajengipun.

No.	<i>Data Tuturan</i>	<i>Jinis Satuan Lingual</i>	<i>Wujud saha Titikan Satuan Lingual</i>	<i>Katrangan</i>
13.	“Ah, cat eling cat ora, kepara yen ora kleru, slirane lair uga ing papan praktekku kene, kok.” D.08/KBI/06	tembung	<i>Diksi ≠ Jawi baku</i>	cat [c a t] ‘kadang’ = Jawi Wetan cok [c ɔ ?] ‘kadang’ = Jawi baku tembung cat ≠ tembung cok
14.	“Sawetara, awit ngebel nggak ana sing mengakne lawang, mulane ya rada sawetara ana njaba.” D.13/KBI/10	Tembung	<i>Diksi ≠ Jawi baku</i>	nggak [ŋ g a ?] ‘tidak’ = Jawi Wetan ora [o r a] ‘tidak’ = Jawi baku tembung nggak ≠ tembung ora
15.	“Aih, cewek kok ngrayu, gak etis!” D.18/KBI/12	Tembung	<i>Diksi ≠ Jawi baku</i>	gak [g a ?] ‘tidak’ = Jawi Wetan ora [o r a] ‘tidak’ = Jawi baku tembung gak ≠ tembung ora
16.	“Matura ibumu kana, mengko lek diparingi,” tembunge paklike ora mingset saka lungguhe. D.16/KBI/11	Tembung	<i>Diksi ≠ Jawi baku</i>	lek [l ε ?] ‘jika’ = Jawi Wetan yen [y ε n] ‘jika’ = Jawi baku tembung lek ≠ tembung yen

Tabel Salajengipun.

No.	Data Tuturan	Jinis Satuan Lingual	Wujud saha Titikan Satuan Lingual	Katrangan
17.	Vespa dijagang cedhak pawongan kuwi, kayune didegake. D.19/KBI/14	tembung	Diksi ≠ Jawi baku	<p><i>prefks</i> (di-) + TL (jagang) → dijagang '<i>distantart</i>' [d i j a g a ŋ] = Jawi Wetan</p> <p><i>prefiks</i> (di-) + TL (standart) → distandart '<i>distantart</i>' [d i s t a n d a r t] = Jawi baku</p> <p>tembung dijagang ≠ tembung distandart</p>
18.	“Mengko jam-jam rolas papagen ya, Yu! Tinimbang kesoren mengko bapakmu duka maneh.” D.24/KBI/33	Tembung	Diksi ≠ Jawi baku	<p>TL (papag) + <i>sufiks</i> (-en) → papagen '<i>jemputin</i>' [p a p a g ə n] = Jawi Wetan</p> <p>TL (pethuk) + <i>sufiks</i> (-en) → pethuken '<i>jemputin</i>' [p ə t̚ U ? ə n] = Jawi baku</p> <p>tembung papagen ≠ tembung pethuken</p>
19.	Bareng wis manyak dalam rada sepi, sepedha montor ing mburine Bayu nyalip kanthi ngeget. D.20/KBI/20	Tembung	Diksi ≠ Jawi baku	<p>manyak [m a ñ a ?] '<i>masuk</i>' utawi '<i>melebihi</i>' = Jawi Wetan</p> <p>mlebu [m l ə b u] '<i>masuk</i>' = Jawi baku</p> <p>tembung manyak ≠ tembung mlebu</p>

Tabel Salajengipun.

No.	Data Tuturan	Jinis Satuan Lingual	Wujud saha Titikan Satuan Lingual	Katrangan
20.	Dalan kebun sing tumuju pabrik pating begenjil ora rata, mulane lakune jeep ora bisa rancag. D.21/KBI/21	Tembung	<i>Diksi ≠ Jawi baku</i>	begenjil [b ə g ə n j i l] 'tidak rata' = Jawi Wetan gronjal [g r o n j a l] 'tidak rata' = Jawi baku tembung begenjil ≠ tembung gronjal
21.	Pas rodhane sepedha montore Bayu teka ngarep kampus STIE, rombongan iring-iringan colt wis wiwit mlaku. D.26/KBI/34	Tembung	<i>Diksi ≠ Jawi baku</i>	colt [k ɔ l] 'angkutan umum' = Jawi Wetan angkot [a ŋ k ɔ t] 'angkutan umum' = Jawi baku tembung colt ≠ tembung angkot
22.	Bayu kamitenggengen . D.30/KBI/40	Tembung	<i>Diksi ≠ Jawi baku</i>	kamitenggengen [k a m i t ə ŋ g ə ŋ ə n] 'sangat kaget' = Jawi Wetan Wonten basa Jawi baku inggih menika ø
23.	Cup ta , cup! D.09/KBI/07	Tembung	<i>Diksi ≠ Jawi baku</i>	ta [t a] = Jawi Wetan ta [t ɔ] = Jawi baku
24.	"Saka ngendi, se? " pitakone Pak Rahman bareng weruh Bayu teka karo Pak Ratno. D.22/KBI/23	Tembung	<i>Diksi ≠ Jawi baku</i>	se [s e] = Jawi Wetan Wonten basa Jawi baku inggih menika ø
25.	"Yen durung gek adus no! " D.28/KBI/37	Tembung	<i>Diksi ≠ Jawi baku</i>	no [n o] = Jawi Wetan Wonten basa Jawi baku inggih menika ø

Tabel Salajengipun.

No.	Data Tuturan	Jinis Satuan Lingual	Wujud saha Titikan Satuan Lingual	Katrangan
26.	Bebarengan cumengere tangis jabang bayi keprungu lonceng jam ing ruwang tengah gemontang kaping sepuluh. D.10/KBI/08	<i>Frasa</i>	1 kalenggahan	cumengere + tangis = cumengere tangis → W (wasesa)
27.	Critaku biyen ora gawe horege kahanan. D.11/KBI/09	<i>Frasa</i>	1 kalenggahan	horege + kahanan = horege kahanan → L (lesan)
28.	Dheweke jumangkah menyang pawon kanthi rasa was sumelang. D.23/KBI/31	<i>Frasa</i>	1 kalenggahan	was + sumelang = was sumelang → L (lesan)
29.	“Oo, Jeng Fensi nembe kemawon tindak ngasta gawan mbendhiyut ngaten.” D.25/KBI/33	<i>Frasa</i>	1 kalenggahan	gawan + mbendhiyut = gawan mbendhiyut → L (lesan)
30.	Nalika urip bebarengan karo ibune ing kahanan kacingkrangan. D.12/KBI/09	<i>klausa</i>	2 kalenggahan	<u>kahanan+kacingkrangan</u> J W
31.	“Kok repot, Bu,” tembung mung moles kahanan. D.17/KBI/11	<i>klausa</i>	2 kalenggahan	<u>moles + kahanan</u> W L

Tabel Salajengipun.

No.	Data Tuturan	Jinis Satuan Lingual	Wujud saha Titikan Satuan Lingual	Katrangan
32.	Diro njenggirat kaget , plonga-plongo mripate metheleng ora ngerti apa sing kudu diwangsuli. D.33/KBI/77	Ukara	3 kalenggahan	<u>Diro</u> + <u>njenggirat</u> + <u>kaget</u> J W K

Saking *tabel analisis data* wonten nginggil saged dipunandharaken bilih jinispun *satuan-satuan lingual* basa Jawi ingkang dados panandha *dialek* Jawi Wetan wonten *novel Kerajut Benang Ireng* anggitanipun Harwimuka menika *fonem, morfem, tembung, frase, klausa*, saha ukara. Ingkang dados wujud saha titikan *fonem*-ipun inggih menika panganggening *fonem /r/*, panganggening *fonem /b/*, panganggening swanten *glottal /ʔ/*, panganggening *fonem /w/*, *konfiks, prefiks*, pamilihing *diksi*, tembung lok, saha kalenggahanipun tembung.

Dadosipun, titikanipun *dialek* Jawi Wetan manawi dipuntingali saking jinising *satuan-satuan lingual*-ipun inggih menika panganggening *fonem /r/*, panganggening *fonem /b/*, panganggening swanten *glottal /ʔ/*, panganggening *fonem /w/*, *konfiks, prefiks*, pamilihing *diksi*, tembung lok, saha kalenggahanipun tembung. *Analisis* saben jinising *satuan lingual* wonten *tabel* nginggil menika sampun jangkep mawi tuladha saha andharan wonten saben katrangan. Wondene, tuladha *dialek* ingkang katitik minangka *dialek* Jawi Wetan manawi dipuntingali saking jinising *satuan-satuan lingual* menika sedaya awujud tetembungan ingkang *tunggal* menapa dene ingkang *jamak*.

B. Pirembagan

Wonten pirembagan menika badhe kaandharaken babagan asiling panaliten *dialek* Jawi Wetan wonten *novel Kerajut Benang Ireng* ingkang sampun dipunandharaken wonten *bab* saderengipun. Asiling panaliten ingkang dipunrembag inggih menika jinising *satuan-satuan lingual* basa, dipunlajengaken ngrembag wujud saha titikanipun *dialek* Jawi wetan manawi dipuntingali saking jinisipun *satuan-satun lingual* basa. Jinising *satuan-satuan lingual* basa inggih menika *fonem, morfem, tembung, frase, klausa*, saha ukara.

Wondene, wujud saha titikanipun *dialek* Jawi Wetan manawi dipuntingali saking jinising *satuan-satuan lingual*-ipun inggih menika panganggening *fonem /r/*, panganggening *fonem /b/*, panganggening swanten glottal */ʔ/*, panganggening *fonem /w/*, *konfiks, prefiks*, pamilihing *diksi*, tembung lok, saha kalenggahanipun tembung. Pirembagan asiling panaliten badhe kaandharaken wonten ngandhap menika.

1. *Satuan lingual jinis fonem*

Satuan lingual awujud *fonem* menika salah satunggaling perangan basa alit piyambak ingkang awujud *fonem*. *Fonem* menika wujudipun boten saged dipuntuturaken langsung. Ateges, *fonem* ingkang dipuntaliti menika awujud seratan. Wonten panaliten *satuan lingual* ingkang awujud *fonem* menika, kapanggihaken sekawan titikan basa Jawi *dialek* Jawi Wetan. Pirembagan menika badhe kaandharaken wonten ngandhap menika.

a. Wujudipun fonem /r/ ingkang dados titikan fonem /r/

Satuan lingual basa ingkang jinisipun *fonem* menika ngewrat wujud saha titikan inggih menika *fonem /r/*. *Fonem /r/* menika minangka *konsonan getar*. Pirembagan menika saged dipuntingali wonten ngandhap menika.

Jip sing mentas ditumpaki bablas mlebu garasi. **Suwal** cekak biru lepeg lan klambi putih amoh ora dirasa mlebu omah njegangrong kuwi. Pipine isih krasa bantat bubar kebanjiran luh malah ing tlapukane isih ngembes banyu. D.01/KBI/01

Konteks: tuturan wonten nginggil menika, kaandharaken bilih nalika Pak Rahman sampun kondor saking methuk Bayu, Pak Rahman nglebetaken mobilipun wonten *garasi*. Nalika Bayu dipunangkat putra dening Pak Rahman kaliyan Bu Tiin, pisanan dipunjak dhateng dalemipun Pak Rahman menika Bayu taksih alit, ngangge clana cekak, saha rasukan ingkang sampun rusak, sarta pipinipun taksih ngembes toya luh.

Tuturan wonten nginggil ngewrat tembung suwal. Tembung suwal menika dados panandha *dialek* basa Jawi Wetan, amargi tembung menika boten kalimrah dipunginakaken wonten basa Jawi baku. Pramila, wujud bedanipun wonten *fonem /r/*. Andharanipun, manawi wonten basa Jawi Wetan, tembung suwal [s u w a l] tegesipun ‘*celana pendek*’. Wonten basa Jawi baku, tembung suwal menika dipunsebataken sruwal [s r u w a l] ingkang tegesipun wonten kalih, inggih menika ‘*celana pendek*’ utawi ‘*celana panjang*’. Wonten basa Jawi Ngayogyakarta, sanesipun ngginakaken tembung sruwal, manawi nyebataken ‘*celana panjang*’ menika dipunwastani kathok [k a ɬ ɔ ?]. Kamangka manawi wonten basa Jawi Wetan tegesipun kathok inggih menika ‘*celana dalam*’.

Rujukan silang utawi kontras wonten panaliten menika ngginakaken *referensi* adhedhasar Baoesastra Djawa (1939: 577b). Salebetipun kaca menika tembung ingkang dipunginakaken inggih menika ngginakaken tembung sruwal. Tuladhanipun inggih menika wonten salebeting ukara “Budi macul sawah ngangge **sruwal** abang karo kaos biru dawa.”

b. Wujudipun fonem /b/ ingkang dados titikan fonem /b/

Satuan lingual basa ingkang jinisipun *fonem* menika ngewrat wujud saha titikan inggih menika *fonem /b/*. *Fonem /b/* menika minangka *konsonan letup*. Pirembagan menika saged dipuntingali wonten ngandhap menika.

“Wah, wis **isa** basa krama, wis pinter jebule!” Bu Tiin banjur nyaut andhuk. Bayu sing katisen dikemuli andhuk. D.04/KBI/04

Konteks: tuturan wonten nginggil menika, ngandharaken bilih Bu Tiin minangka ibu angkatipun Bayu menika kagum saha kaget amargi bingah nalika Bayu anggenipun mangsuli pitakenanipun Bu Tiin menika sampun ngangge basa Jawi krama inggil. Lajeng, Bu tiin mendhet andhuk kagem ngemuli Bayu ingkang kasrepen amargi nembe rampung adus.

Tuturan wonten nginggil ngewrat tembung isa. Tembung isa menika dados panandha *dialek* basa Jawi Wetan, amargi tembung menika boten kalimrah dipunginakaken wonten basa Jawi baku. Pramila, wujud bedanipun wonten *fonem /b/*. Andharanipun, manawi wonten basa Jawi Wetan, tembung isa dipunsebataken [i s ɔ] ‘bisa’, tanpa *fonem /b/*. Wonten basa Jawi baku, tembung isa menika dipunsebataken [b i s ɔ] ‘bisa’, tambah *fonem /b/* wonten sangajenging tembung isa.

Tembung isa [i s ɔ] ‘bisa’ menika, boten nutup kasempatan dipunginakaken ugi wonten Jawi Ngayogyakarta, amargi canggihipun *teknologi*, gangsaripun, saha

gampilipun *komunikasi* ing antawisipun priyantun setunggal tlatah (Jawa Timur) kaliyan priyantun ingkang wonten tlatah sanesipun. Pawadan sanesipun inggih menika wontenipun *transmigran* ingkang *transmigrasi* saking *Provinsi* Jawa Timur dhateng *provinsi* sanesipun. Awit saking pawadan-pawadan menika, saperangan priyantun Ngayogyakarta ingkang nyebataken tembung isa [i s ɔ] ‘*bisa*’.

Rujukan silang utawi *kontras* wonten panaliten menika ngginakaken *referensi* adhedhasar Baoesastra Djawa (1939: 45b). Salebetipun kaca menika tembung ingkang dipunginakaken inggih menika ngginakaken tembung bisa. Tuladhanipun inggih menika wonten salebeting ukara “Senajan mung mangan tela satengker kanggo sangu turu, nanging **bisa** angler.” (KBI/04)

c. Wujudipun fonem glottal /ʔ/ ingkang dados titikan fonem glottal /ʔ/

Satuan lingual basa ingkang jinisipun *fonem* menika ngewrat wujud saha titikan inggih menika *fonem glottal /ʔ/*. *Fonem glottal /ʔ/* menika minangka *konsonan letup*. Pirembagan menika saged dipuntingali wonten ngandhap menika.

“Byuh, wangine, tambah nggantheng, mengko bubuk karo **ibuk** ya? Tak keloni.” “Enggih.” Wengine Bayu ora bisa turu angler, dheweke tansah eling marang simboke. D.05/KBI/04

Konteks: tuturan wonten nginggil menika ngandharaken bilih Bu Tiin ketingal bingah sanget prisa Bayu tambah bagusipun, badanipun mambet wangi, satemah Bu Tiin ngejak Bayu tilem kaliyan Bu Tiin badhe dipunkeloni. Ananging Bayu boten saged tilem kanthi angler amargi taksih kemutan dhateng ibu kandhungipun ingkang sampun seda.

Tuturan wonten nginggil ngewrat tembung *ibuk*. Tembung *ibuk* menika dados panandha *dialek* basa Jawi Wetan, amargi tembung menika boten kalimrah dipunginakaken wonten basa Jawi baku. Pramila, wujud badanipun wonten *fonem*

swanten *glottal* /?/. Andharanipun, manawi wonten basa Jawi Wetan, tembung ibuk dipunsebataken [i b u ?] ‘ibu’, tambah *fonem* swanten *glottal* /?/ wonten wingkingipun tembung ibu. Wonten basa Jawi baku, tembung ibuk menika dipunsebataken [i b u] ‘ibu’, tanpa *fonem* swanten *glottal* /?/.

Tembung isa [i b u ?] ‘ibu’ menika, boten nutup kasempatan dipunginakaken ugi wonten Jawi Ngayogyakarta, amargi canggihipun *teknologi*, gangsaripun, saha gampilipun *komunikasi* ing antawisipun priyantun setunggal tlatah (Jawa Timur) kaliyan priyantun ingkang wonten tlatah sanesipun. Pawadan sanesipun inggih menika wontenipun *transmigran* ingkang *transmigrasi* saking *Provinsi* Jawa timur dhateng *provinsi* sanesipun. Awit saking pawadan-pawadan menika, saperangan priyantun Ngayogyakarta ingkang nyebataken tembung ibuk [i b u ?] ‘ibu’.

Rujukan silang utawi *kontras* wonten panaliten menika ngginakaken *referensi* adhedhasar Baoesastra Djawa (1939: 167a). Salebetipun kaca menika tembung ingkang dipunginakaken inggih menika ngginakaken tembung ibu. Tuladhanipun inggih menika wonten salebeting ukara “Kowe ora ngundang aku bulik Tiin maneh, nanging **ibu**.” (KBI/02)

d. Wujudipun fonem /w/ ingkang dados titikan fonem /w/

Satuan lingual basa ingkang jinisipun *fonem* menika ngewrat wujud saha titikan inggih menika *fonem* /w/. *Fonem* /w/ menika minangka swanten *luncur*. Pirembagan menika saged dipuntingali wonten ngandhap menika.

“Durung wani. Aku rung siap babar pisan, apa kudu takkonsultasikan? Terus ki mau golek hiburan tinimbang ruwet dadi splaneng, njur gendheng. Rak eman-eman urip pisan **ae** kok gaya temen.” D.14/KBI/10

Konteks: tuturan wonten nginggil menika ngandharaken bilih Fensi nyariyosaken babagan garapan *skripsi*-nipun dhateng Bayu, bilih Fensi dereng samekta menapa-menapa manawi badhe sowan dhateng *dosen*-ipun. Tinimbang dados boten waras, langkung sae manawi pados hiburan rumiyin kangge *refreshing* kersane gesangipun boten ngaya-ngaya sanget.

Tuturan wonten nginggil ngewrat tembung ae. Tembung ae menika dados panandha *dialek* basa Jawi Wetan, amargi tembung menika boten kalimrah dipunginakaken wonten basa Jawi baku. Pramila, wujud bedanipun wonten *fonem* /w/. Andharanipun, manawi wonten basa Jawi Wetan, tembung ae dipunsebataken [a e] ‘saja’, tanpa *fonem* /w/. Wonten basa Jawi baku, tembung ae menika dipunsebataken wae [w a e] ‘saja’, tambah *fonem* /w/ wonten sawingkingipun tembung ae.

Rujukan silang utawi *kontras* wonten panaliten menika ngginakaken *referensi* adhedhasar Baoesastra Djawa (1939: 652b). Salebetipun kaca menika tembung ingkang dipunginakaken inggih menika ngginakaken tembung wae. Tuladhanipun inggih menika wonten salebeting ukara “Wis ta, sesuk mesthi dipundhutne sepatu anyar, klambi anyar apa **wae** sing disuwun Bayu mesthi tak turuti.” (KBI/04)

2. Satuan lingual jinis morfem

Satuan lingual awujud *morfem* menika salah satunggaling perangan basa alit piyambak ingkang awujud *morfem*. *Morfem* menika ngewrat teges ingkang boten saged dipunpantha malih. Wonten panaliten *satuan lingual* ingkang awujud *morfem* menika, kapanggihaken tigang titikan basa Jawi *dialek* Jawi Wetan. Pirembagan menika badhe kaandharaken wonten ngandhap menika.

a. Wujudipun morfem ingkang dados titikan *konfiks* (di-) + TL + (-ne)

Satuan lingual basa ingkang jinisipun *morfem* menika ngewrat wujud saha titikan inggih menika *konfiks* (di-) + TL + (-ne). *Konfiks* salebetipun titikan menika inggih menika salah satunggal saking perangan *proses morfemis* ingkang nambahi ater-ater saha panambang. Wujudipun *konfiks* wonten pirembagan menika inggih menika ater-ater (di-) saha panambang (-ne), ingkang dipunewahi inggih menika awujud tembung lingga. Pirembagan menika saged dipuntingali wonten ngandhap menika.

- 1) Bayu digendhong banjur rada kesusu tumuju jedhing. Klambine Bayu diuculi **diuncalne** bak. Bayu didusi lan dikramasi tanpa wani nampik, senajan adheme nyekut. D.03/KBI/02

Konteks: tuturan wonten nginggil menika, ngandharaken bilih Bayu digendhong dening Bu Tiin dhateng kolah amargi Bayu badhe dipunsirami dening Bu Tiin. Sasampunipun rasukanipun Bayu dipunlepas, rasukanipun dipunparingaken wonten bak, lajeng Bayu dipunsirami saha dipunkramasi. Bayu boten wantun nampik sinaosa Bayu kasrepen.

Tuturan wonten nginggil ngewrat tembung diuncalne. Tembung diuncalne menika dados panandha *dialek* basa Jawi Wetan, amargi tembung menika boten kalimrah dipunginakaken wonten basa Jawi baku. Pramila, wujud bedanipun wonten *morfem* kanthi titikan *konfiks*, inggih menika tembung lingga ingkang ewah amargi dipuntambahi ater-ater saha panambang. Andharanipun, manawi wonten basa Jawi Wetan, tembung diuncalne ‘*dilemparkan*’ menika ngewrat *konfiks* (di-) + TL + (-ne).

Manawi dipunwedhar, tembung diuncalne menika dados (di-) + uncal + (-ne). Wonten basa Jawi baku, tembung diuncalne menika dipunsebataken diuncalke.

Manawi dipunwedhar, tembung diuncalke menika dados (di-) + uncal + (-ke). Dadosipun, bedanipun tembung menika mapan wonten panambangipun. Panambang (-ne) menapa dene (-ke) menika ugi minangka tandha *posesif*, inggih menika tandha *kepemilikan*.

Rujukan silang utawi *kontras* wonten panaliten menika ngginakaken wawan rembag kaliyan *narasumber* ingkang asma Eyang Sawin. Eyang Sawin menika maringi tuladha panganggening tembung diuncalke wonten salebeting ukara “Klambine **diuncalke** ing kursi amarga keburu wektu wis manjing *jama’ah dhuhur*.”

- 2) “Jenenge wedang ki ya manis,” sengake metu. “Lek banyu jeruk kuwi ora legi.” Sing dibentak ora semaur, klothak-klotheke terus tumandang. Wedang segelas tanggung **dicepakne** cedhake Bu Tiin sing katon isih loyo. D.32/KBI/70

Konteks: tuturan wonten nginggil menika, ngandharaken bilih Bu Tiin nyuwun dipundamelaken wedang jeruk ingkang manis dening Bik Sayem kanthi swanten ingkang sengak. Bik Sayem boten wantun mangsuli, ananging langsung ndamelaken unjukan Bu Tiin lajeng dipunsamektaaken wonten celakipun Bu Tiin.

Tuturan wonten nginggil ngewrat tembung dicepakne. Tembung dicepakne menika dados panandha *dialek* basa Jawi Wetan, amargi tembung menika boten kalimrah dipunginakaken wonten basa Jawi baku. Pramila, wujud bedanipun wonten *morfem* kanthi titikan *konfiks*, inggih menika tembung lingga ingkang ewah amargi dipuntambahi ater-ater saha panambang. Andharanipun, manawi wonten basa Jawi Wetan, tembung dicepakne ‘*disiapkan*’ menika ngewrat *konfiks* (di-) + TL + (-ne).

Manawi dipunwedhar, tembung dicepakne menika dados (di-) + cepak + (-ne). Wonten basa Jawi baku, tembung dicepakne menika dipunsebataken dicepakke. Manawi dipunwedhar, tembung dicepakke menika dados (di-) + cepak + (-ke). Dadosipun, bedanipun tembung menika mapan wonten panambangipun. Panambang (-ne) menapa dene (-ke) menika ugi minangka tandha *posesif*, inggih menika tandha *kepemilikan*.

Rujukan silang utawi *kontras* wonten panaliten menika ngginakaken wawan rembag kaliyan *narasumber* ingkang asma Eyang Sawin. Eyang Sawin menika maringi tuladha panganggening tembung dicepakke wonten salebeting ukara “Dhaharane wis **dicepakke** dening Mbak Tinuk ing ndhuwur meja ana ruwang tengah, golekana dhewe, ya!”

- 3) Ing papan kuwi dheweke ngasah jurus-jurus kabisane sing wis ditimba ing perguruane. Jurus mbaka jurus **dipraktekne** tanpa kakehan tetimbangan, sawise jurus-jurus kuwi urut banjur dikombinasi nganti awake lempe-lempe. D.34/KBI/80

Konteks: tuturan wonten nginggil menika, ngandharaken bilih Bayu ngasah jurus-jurus silatipun ingkang sampun dipuntimba menika wonten perkebunanipun Pak Rahman. Sadaya jurus kanthi setunggal mbaka setunggal dipunpraktekaken tanpa mamang, dumugi jurus-jurus ingkang gabungan.

Tuturan wonten nginggil ngewrat tembung dipraktekne. Tembung dipraktekne menika dados panandha *dialek* basa Jawi Wetan, amargi tembung menika boten kalimrah dipunginakaken wonten basa Jawi baku. Pramila, wujud bedanipun wonten *morfem* kanthi titikan *konfiks*, inggih menika tembung lingga ingkang ewah amargi dipuntambahi ater-ater saha panambang. Andharanipun,

manawi wonten basa Jawi Wetan, tembung dipraktekne ‘*dipraktikkan*’ menika ngewrat *konfiks* (di-) + TL + (-ne).

Manawi dipunwedhar, tembung dipraktekne menika dados (di-) + praktek + (-ne). Wonten basa Jawi baku, tembung dipraktekne menika dipunsebataken dipraktekke. Manawi dipunwedhar, tembung dipraktekke menika dados (di-) + praktek + (-ke). Dadosipun, bedanipun tembung menika mapan wonten panambangipun. Panambang (-ne) menapa dene (-ke) menika ugi minangka tandha *posesif*, inggih menika tandha *kepemilikan*.

Rujukan silang utawi *kontras* wonten panaliten menika ngginakaken wawan rembag kaliyan *narasumber* ingkang asma Eyang Sawin. Eyang Sawin menika maringi tuladha panganggening tembung dipraktekke wonten salebeting ukara “Yen kepingin gawe jajan iku **dipraktekke** wae, men langsung terjun lan ngerti.”

- 4) Klambi lorek ijo lumut **diblusukne** lengene cekat-ceket, keburu atine wis krasa diuber dening urip lan mati. Dheweke ora bakal nerusake urip maneh sawise pawongan sing ngracun ibune wis kepethuk banjur disikat nganti tiwas lan dheweke bakal sumusul. D.35/KBI/84

Konteks: tuturan wonten nginggil menika, ngandharaken bilih Bayu ngangge rasukan hem warni ijem lumut kanthi enggal-enggal, amargi manahipun sampun boten tenang kados dipunburu dening gesang saha pejah. Piyambakipun boten gadhah pepenginan gesang malih sasampunipun tiyang ingkang mejahi ibu kandhungipun menika sampun panggih saha sampun dipunpejahi dening Bayu.

Tuturan wonten nginggil ngewrat tembung diblusukne. Tembung diblusukne menika dados panandha *dialek* basa Jawi Wetan, amargi tembung menika boten kalimrah dipunginakaken wonten basa Jawi baku. Pramila, wujud bedanipun wonten *morfem* kanthi titikan *konfiks*, inggih menika tembung lingga

ingkang ewah amargi dipuntambahi ater-ater saha panambang. Andharanipun, manawi wonten basa Jawi Wetan, tembung diblusukne ‘*dimasukkan*’ menika ngewrat *konfiks* (di-) + TL + (-ne).

Manawi dipunwedhar, tembung diblusukne menika dados (di-) + blusuk + (-ne). Wonten basa Jawi baku, tembung diblusukne menika dipunsebataken diblusukke. Manawi dipunwedhar, tembung diblusukke menika dados (di-) + blusuk + (-ke). Dadosipun, bedanipun tembung menika mapan wonten panambangipun. Panambang (-ne) menapa dene (-ke) menika ugi minangka tandha *posesif*, inggih menika tandha *kepemilikan*.

Rujukan silang utawi *kontras* wonten panaliten menika ngginakaken wawan rembag kaliyan *narasumber* ingkang asma Eyang Sawin. Eyang Sawin menika maringi tuladha panganggening tembung diblusukke wonten salebeting ukara “Yen jilbab langsung kan kepenak, **diblusukke** wae wis dadi! Yen aku ya kangelan ngangge jilbab-jilbab sepi papat, Mbak.”

- 5) Srengenge anget liwat sela-selane cendhela. Ah, aku isih urip, pikirane pasrah. Ambegan landhung, kaya-kaya kesumate dadi pupus bareng dheweke gumlethak kanthi sikil lara yen **diobahne**. Awake **diobahne** banjur lungguh. D.36/KBI/91

Konteks: tuturan wonten ginggil menika, ngandharaken bilih nalika srengenge mlethek, Bayu taksih ngraosaken angetipun srengenge saha taksih saged ambegan. Menika ingkang dados panandha bilih Bayu taksih gesang. *Dendam* kesumatipun Bayu kados sampun ical amargi piyambakipun ngraosaken suku saha badanipun menika sakit manawi dipunebahaken.

Tuturan wonten nginggil ngewrat tembung diobahne. Tembung diobahne menika dados panandha *dialek* basa Jawi Wetan, amargi tembung menika boten

kalimrah dipunginakaken wonten basa Jawi baku. Pramila, wujud bedanipun wonten *morfem* kanthi titikan *konfiks*, inggih menika tembung lingga ingkang ewah amargi dipuntambahi ater-ater saha panambang. Andharanipun, manawi wonten basa Jawi Wetan, tembung diobahne ‘*digerakkan*’ menika ngewrat *konfiks* (di-) + TL + (-ne).

Manawi dipunwedhar, tembung diobahne menika dados (di-) + obah + (-ne). Wonten basa Jawi baku, tembung diobahne menika dipunsebataken diobahke. Manawi dipunwedhar, tembung diobahke menika dados (di-) + obah + (-ke). Dadosipun, bedanipun tembung menika mapan wonten panambangipun. Panambang (-ne) menapa dene (-ke) menika ugi minangka tandha *posesif*, inggih menika tandha *kepemilikan*.

Rujukan silang utawi *kontras* wonten panaliten menika ngginakaken wawan rembag kaliyan *narasumber* ingkang asma Eyang Sawin. Eyang Sawin menika maringi tuladha panganggening tembung dicepakke wonten salebeting ukara “Nalika jaman semana, sikile **diobahke**, diunggah-udhunke barang jek bisa, ora ana sing cenut-cenut.”

b. Wujudipun *morfem* ingkang dados titikan *prefiks* nasal (ng-) + TL

Satuan lingual basa ingkang jinisipun *morfem* menika ngewrat wujud saha titikan inggih menika *prefiks* nasal (ng-) + TL. *Prefiks* salebetipun titikan menika inggih menika salah satunggal saking perangan *proses morfemis* ingkang nambahi ater-ater. Wujudipun *prefiks* wonten pirembagan menika inggih menika ater-ater nasal (ng-), ingkang dipunewahi inggih menika awujud tembung lingga. Pirembagan menika saged dipuntingali wonten ngandhap menika.

“Nom-nomam kuwi brewok, yen ora salah aku tau weruh lagi **nggonceng** awakmu,” kandhane Bayu ora tatag. Sakal Fensi pucet, guwayane ganti ganti mbeleret. Ing poncod atine Fensi rasa grenjelan yen jane Bayu mesthine ngerti yen dheweke ana sesambungan karo kanca kuliahe. D.37/KBI/92

Konteks: tuturan wonten nginggil menika, ngandharaken bilih Bayu nyariyosaken tiyang ingkang nyilakani Bayu menika dhateng Fensi. Tiyang ingkang nyilakani Bayu menika taksih enem, brewok, saha nate mboncengaken Fensi. Bakda Bayu cariyos, praupanipun Fensi pucet saha langsung alit manahipun, amargi Fensi ngraosaken Bayu sampun mangretos bilih piyambakipun menika wonten sesambungan kaliyan tiyang ingkang dipuncariyosaken dening Bayu.

Tuturan wonten nginggil ngewrat tembung nggonceng. Tembung nggonceng menika dados panandha *dialek* basa Jawi Wetan, amargi tembung menika boten kalimrah dipunginakaken wonten basa Jawi baku. Pramila, wujud bedanipun wonten *morfem* kanthi titikan *prefiks*, inggih menika tembung lingga ingkang ewah amargi dipuntambahi ater-ater. Andharanipun, manawi wonten basa Jawi Wetan, tembung nggonceng ‘*memboncengkan*’ menika ngewrat *prefiks* nasal (ng-) + TL.

Manawi dipunwedhar, tembung nggonceng menika dados N (ng-) + gonceng. Wonten basa Jawi baku, tembung nggonceng menika dipunsebataken mboncengke. Manawi dipunwedhar, tembung mboncengke menika dados N (m-) + bonceng + (-ke). Dadosipun, bedanipun tembung menika mapan wonten ater-ater saha panambangipun.

Rujukan silang utawi *kontras* wonten panaliten menika ngginakaken wawan rembag kaliyan *narasumber* ingkang nama Mbak Lian (santri putri Ponpes Inayatullah). Mbak Lian menika maringi tuladha panganggening tembung

mboncengke wonten salebeting ukara “Aku wingi mboncengke Mbak Wirda teka Jombor.”

3. *Satuan lingual* jinis tembung

Satuan lingual awujud tembung menika salah satunggaling perangan basa alit piyambak ingkang awujud tembung. Tembung menika minangka ujaran. Tegesipun tembung inggih menika peranganing basa ingkang saged madeg piyambak. Wonten panaliten *satuan lingual* ingkang awujud tembung menika, kapanggihaken kalih titikan basa Jawi *dialek* Jawi Wetan. Pirembagan menika badhe kaandharaken wonten ngandhap menika.

a. Wujudipun tembung ingkang dados titikan *diksi* ≠ Jawi baku

Satuan lingual basa ingkang wujudipun *tembung* menika ngewrat wujud saha titikan inggih menika *diksi*-nipun boten sami kaliyan basa Jawi baku. *Satuan lingual* basa awujud tembung ingkang ngewrat wujud saha titikan pamilihing *diksi* wonten *novel Kerajut Benang Ireng* ingkang beda kaliyan basa Jawi baku menika wonten enem belas titikan ingkang beda-beda.

- 1) Bayu digendhong banjur rada kesusu tumuju **jedhing**. Klambine Bayu diuculi diuncalne bak. Bayu didusi lan dikramasi tanpa wani nampik, senajan adheme nyekut. D.02/KBI/02

Konteks: tuturan wonten nginggil menika, ngandharaken bilih Bayu digendhong dening Bu Tiin dhateng kolah amargi Bayu badhe dipunsirami dening Bu Tiin. Sasampunipun rasukanipun Bayu dipunlepas, rasukanipun dipunseleh wonten bak, lajeng Bayu dipunsirami saha dipunkramasi. Bayu boten wanton nampik sinaosa Bayu kasrepen.

Tuturan wonten nginggil ngewrat tembung jedhing. Tembung jedhing menika dados panandha *dialek* basa Jawi Wetan, amargi tembung menika boten

kalimrah dipunginakaken wonten basa Jawi baku. Pramila, wujud bedanipun wonten pamilihing *diksi*. Andharanipun, manawi wonten basa Jawi Wetan, tembung jedhing [j ə ɖ I ŋ] tegesipun ‘*kamar mandi*’. Wonten basa Jawi baku, manawi ‘*kamar mandi*’ menika dipunsebataken kolah [k o l a h]. Wonten basa Jawi Ngayogyakarta, rikala jaman rumiyin, miturut pamanggihipun Ibu Endang Nurhayati wonten tembung jedhing. Tembung jedhing menika tegesipun talang utawi bleg ingkang kangge pengaron nalika panen ageng.

Rujukan silang utawi *kontras* wonten panaliten menika ngginakaken *referensi* adhedhasar Baoesastra Djawa (1939: 243a). Salebetipun kaca menika tembung ingkang dipunginakaken inggih menika ngginakaken tembung kolah. Tuladhanipun inggih menika wonten salebeting ukara “Nuwun sewu, Bu, kula badhe dhateng **kolah**.”

- 2) Mungkur saka jedhing, Bu Tiin nggendhong Bayu liwat pawon nyawang Pak Rahman ngobong koran, rada gumun. “**Nyapa**, Pak, korane kok diobong?” pitakone Bu Tiin. “Huss!” Pak Rahman nutup lambene nganggo driji panuding ngadeg, sasmita aja takon. D.07/KBI/05

Konteks: tuturan wonten nginggil menika, ngandharaken bilih bakda nyirami Bayu, Bayu dipungendhong dening Bu Tiin miyos pawon. Bu Tiin prisa Pak Rahman ingkang saweg ngobong koran ingkang dados waosanipun Pak Rahman saben dintenipun menika kanthi raos radi gumun. Bakda Bu Tiin nyuwun prisa dhateng Pak Rahman, Pak Rahman ngutus Bu Tiin supados boten prelu taken.

Tuturan wonten nginggil ngewrat tembung nyapa. Tembung nyapa menika dados panandha *dialek* basa Jawi Wetan, amargi tembung menika boten kalimrah dipunginakaken wonten basa Jawi baku. Pramila, wujud bedanipun wonten pamilihing *diksi*. Andharanipun, manawi wonten basa Jawi Wetan, tembung nyapa

menika kedadosan saking tembung nyang + apa → nyapa [ñ a p ɔ] tegesipun ‘*ada apa*’. Wonten basa Jawi baku, manawi ‘*ada apa*’ menika dipunsebataken ngapa [ŋ a p ɔ], ingkang kedadosan saking tembung ana + apa.

Rujukan silang utawi kontras wonten panaliten menika ngginakaken wawan rembag kaliyan *narasumber* ingkang asma Eyang Sawin. Eyang Sawin menika maringi tuladha panganggening tembung ngapa, wonten salebeting ukara, “**Ngapa** e Mbak, pit motore santri putra padha ditokke?”

- 3) “Ah, **cat** eling **cat** ora, kepara yen ora kleru, slirane lair uga ing papan praktekku kene, kok.” “Dadi Bayu iki lair ana omah kene, Buk?” Aswan melu ngrutuk pitakon sawise sawetara mung ngrungokne pacaturan kuwi. D.08/KBI/06

Konteks: tuturan wonten nginggil menika, ngandharaken bilih Bu Esti ngendikan dhateng Bayu saha Aswan bilih manawi boten lepat, Bayu menika rikala semanten kalairaken wonten papan pratekipun Bu Esti. Lajeng Aswan nyuwun prisa dhateng Bu Esti kangge nyethakaken bilih Bayu rumiyin kalairaken wonten dalemipun Bu Esti, boten lepat ugi griyanipun Aswan.

Tuturan wonten nginggil ngewrat tembung cat. Tembung cat menika dados panandha *dialek* basa Jawi Wetan, amargi tembung menika boten kalimrah dipunginakaken wonten basa Jawi baku. Pramila, wujud bedanipun wonten pamilihing *diksi*. Andharanipun, manawi wonten basa Jawi Wetan, tembung cat [c a t] tegesipun ‘*kadang*’. Wonten basa Jawi baku, manawi ‘*kadang*’ menika dipunsebataken cok [c ɔ ?].

Rujukan silang utawi kontras wonten panaliten menika ngginakaken wawn rembag kaliyan *narasumber* ingkang asma Pak Kyai Chamdani Yusuf. Panjenenganipun maringi tuladha panganggening tembung cok, nalika ndhawuhi

para santrinipun wonten salebeting ukara,”Aku **kok** weruh ana bocah ki padha *cuek* karo tamune. Santri ki yen kasil iku sing bisa ngemong karo tamune.”

- 4) “Hai Fensi! Wis suwe ya?” pitakone seneng. “Sawetara, awit ngebel **nggak** ana sing mengakne lawang, mulane ya rada sawetara ana njaba,” critane nyeka rasa cuwa sing ganti guyu renyah kanggo Bayu. D.13/KBI/10

Konteks: tuturan wonten nginggil menika, ngandharaken bilih Bayu langsung sapa aruh kanthi raos bingah dhateng Fensi nalika mbikakaken lawang sumerep Fensi ingkang dugi. Fensi cariyos bilih anggenipun piyambakipun dugi menika sampun sawetawis dangu, ananging anggenipun cariyos kanthi raos bingah saha esem ingkang sumringah.

Tuturan wonten nginggil ngewrat tembung nggak. Tembung nggak menika dados panandha *dialek* basa Jawi Wetan, amargi tembung menika boten kalimrah dipunginakaken wonten basa Jawi baku. Pramila, wujud bedanipun wonten pamilihing *diksi*. Andharanipun, manawi wonten basa Jawi Wetan, tembung nggak [ŋ g a ?] tegesipun ‘*tidak*’. Wonten basa Jawi baku, manawi ‘*tidak*’ menika dipunsebataken ora [o r a].

Rujukan silang utawi *kontras* wonten panaliten menika ngginakaken *referensi* adhedhasar Baoesastra Djawa (1939: 453b). Salebetipun kaca menika tembung ingkang dipunginakaken inggih menika ngginakaken tembung ora. Tuladhanipun inggih menika wonten salebeting ukara “Sanggup apa **ora**? Yen **ora** sanggup kabeh wewadi takbukak lan kowe taktuntut tanggung jawab isine wetengku.” KBI/77

- 5) Sing diaruh-aruhi njenggirat kaget, banjur mesem.”Aku mengagumi kahananmu, Yu. Gawe mongkoge atiku.” “Aih, cewek kok ngrayu, **gak** etis!” “Aku kandha apa anane, apa salah? Jare Bayu pengen seneng banget yen aku kandha blak-blakan.” D.18/KBI/12

Konteks: tuturan wonten nginggil menika, ngandharaken bilih Fensi menika nyariyosaken sadaya kawontenan raos manahipun dhateng Bayu menapa wontenipun, amargi Bayu remen manawi Fensi cariyos kanthi menapa wontenipun. Wosing cariyos menika inggih menika bilih Fensi kagum dhateng Bayu, Bayu mesthi damel manahipun Fensi bingah. Ananging, Bayu nolak rayuanipun Fensi menika amargi boten sae manawi tiyang estri ingkang ngrayu.

Tuturan wonten nginggil ngewrat tembung gak. Tembung gak menika dados panandha *dialek* basa Jawi Wetan, amargi tembung menika boten kalimrah dipunginakaken wonten basa Jawi baku. Pramila, wujud bedanipun wonten pamilihing *diksi*. Andharanipun, manawi wonten basa Jawi Wetan, tembung gak [g a ?] tegesipun ‘*tidak*’. Wonten basa Jawi baku, manawi ‘*tidak*’ menika dipunsebataken ora [o r a]. Andharan tembung gak menika sejatosipun sami tegesipun kaliyan tembung nggak, ingkang dados beda inggih menika panganggening *prefiks* N (ng-) wonten sangajengipun tembung gak.

Rujukan silang utawi *kontras* wonten panaliten menika ngginakaken *referensi* adhedhasar Baoesastra Djawa (1939: 453b). Salebetipun kaca menika tembung ingkang dipunginakaken inggih menika ngginakaken tembung ora. Tuladhanipun inggih menika wonten salebeting ukara “Diro **ora** bakal ngapusi.”

KBI/77

- 6) “Pak kula badhe medal kaliyan Fensi, pados ampilan skripsi kangge perbandingan,” pamite Bayu. Yaaa, sing ati-ati, lo! Pitutur paklike nyenengake atine Bayu. Sangumu **jik** nyekel apa ora?” D.15/KBI/11

Konteks: tuturan wonten nginggil menika, ngandharaken bilih Bayu nyuwun pamit dhateng Pak Rahman, amargi badhe medal kaliyan Fensi kangge pados ampilan *skripsi*. Lajeng, Pak Rahman mertungkas supados anggenipun Bayu medal menika kedah ngatos-atos. Minangka wujuding kawigatosanipun Pak Rahman,

panjenenganipun menika ugi ndangu Bayu, sangunipun Bayu menika taksih menapa sampun telas.

Tuturan wonten nginggil ngewrat tembung jik. Tembung jik menika dados panandha *dialek* basa Jawi Wetan, amargi tembung menika boten kalimrah dipunginakaken wonten basa Jawi baku. Pramila, wujud bedanipun wonten pamilihing *diksi*. Andharanipun, manawi wonten basa Jawi Wetan, tembung jik [j I ?] tegesipun ‘*masih*’. Wonten basa Jawi baku, manawi ‘*masih*’ menika dipunsebataken iseh [i s ε h].

Tembung jik [j I ?] ‘*masih*’ menika, boten nutup kasempatan dipunginakaken ugi wonten Jawi Ngayogyakarta, amargi canggihipun *teknologi*, gangsaripun, saha gampilipun *komunikasi* ing antawisipun priyantun setunggal tlatah (Jawa Timur) kaliyan priyantun ingkang wonten tlatah sanesipun. Pawadan sanesipun inggih menika wontenipun *transmigran* ingkang *transmigrasi* saking *Provinsi* Jawa timur dhateng *provinsi* sanesipun. Awit saking pawadan-pawadan menika, saperangan priyantun Ngayogyakarta ingkang nyebataken tembung jik [j I ?] ‘*masih*’.

Rujukan silang utawi *kontras* wonten panaliten menika ngginakaken *referensi* adhedhasar Baoesastra Djawa (1939: 174a). Salebetipun kaca menika tembung ingkang dipunginakaken inggih menika ngginakaken tembung iseh utawi isek. Tuladhanipun inggih menika wonten salebeting ukara “Wektumu **iseh** nutut ora e yen ngeterke aku sekolah?”

- 7) “Matura ibumu kana, mengko **lek** diparingi,” tembunge paklike ora mingset saka lungguhe. Bayu jumangkah ninggal ruang istirahat, sedyane arep ganti sandhangan. Teka ruwang tengah wis papagan ibune sing lagi nyangga baki isi teh rong gelas. D.16/KBI/11

Konteks: tuturan wonten nginggil menika, ngandharaken bilih Pak Rahman ndhawuhi Bayu supados Bayu matur dhateng ibunipun bilih sangunipun kantung sekedhik, mangke mesthi badhe dipuntambahi sangunipun dening Bu Tiin. Lajeng, nalika Bayu badhe gantos rasukan, piyambakipun papagan kaliyan Bu Tiin ingkang saweg ngasta baki isinipun teh kalih gelas wonten ruwang tengah.

Tuturan wonten nginggil ngewrat tembung lek. Tembung lek menika dados panandha *dialek* basa Jawi Wetan, amargi tembung menika boten kalimrah dipunginakaken wonten basa Jawi baku. Pramila, wujud bedanipun wonten pamilihing *diksi*. Andharanipun, manawi wonten basa Jawi Wetan, tembung lek [l ε ?] tegesipun ‘jika’. Wonten basa Jawi baku, manawi ‘jika’ menika dipunsebataken yen [y ε n].

Rujukan silang utawi *kontras* wonten panaliten menika ngginakaken *referensi* adhedhasar Baoesastra Djawa (1939: 176a). Salebetipun kaca menika tembung ingkang dipunginakaken inggih menika ngginakaken tembung yen. Tuladhanipun inggih menika wonten salebeting ukara “**Yen** perlu rusak bcah wadon kuwi, mengko tanggung jawabe ben ana tangane Bayu.” KBI/78

- 8) Vespa **dijagang** cedhak pawongan kuwi, kayune didegake. Bayu enggal nyandhak wong lanang tuwa sing ngliga dhadha kanthi balung iga gegambangan. Ambegane ngosrong, kringete gemrobyos. Sadurunge lambene Bayu menga, mripate sing ndhisiki kaca-kaca. D.19/KBI/14

Konteks: tuturan wonten nginggil menika, ngandharaken bilih Bayu enggal-enggal nyetandartaken motor vespanipun celak priyantun sepuh ingkang dipunprangguli wonten margi. Bayu enggal nyepengi priyantun menika, amargi ambeganipun sampun kepireng ngosrong, kringet ingkang medal sampun ngantos gemrobyos. Sanalika, Bayu medalaken luh rumiyin saderengipun Bayu medalaken swantenipun.

Tuturan wonten nginggil ngewrat tembung dijagang. Tembung dijagang menika dados panandha *dialek* basa Jawi Wetan, amargi tembung menika boten kalimrah dipunginakaken wonten basa Jawi baku. Pramila, wujud bedanipun wonten pamilihing *diksi*. Andharanipun, manawi wonten basa Jawi Wetan, tembung dijagang [d i j a g a ŋ] tegesipun ‘*distandart*’. Wonten basa Jawi baku, manawi ‘*distandart*’ menika dipunsebataken distandar [d i s t a n d a r].

Rujukan silang utawi *kontras* wonten panaliten menika ngginakaken wawan rembag kaliyan narasumber ingkang asma Eyang Sawin. Eyang Sawin maringi tuladha panganggening tembung distandar, wonten salebetipun ukara “Pite Mbah Jan wis **distandar** ning ngarep aula.”

- 9) Sapungkure Pak Rahman, Bayu wis **dipapag** Pak Ratno, diwenehi kamar ijen ing wewengkon perumahan perkebunan. Bayu ngglethak ing papan kono, ngantuke isih nggremet ing mripate banjur les, turu. D.31/KBI/67

Konteks: tuturan wonten nginggil menika, ngandharaken bilih nalika Pak Rahman sampun kondor, Bayu dipunpethuk dening Pak Ratno, lajeng dipunparingi prisa kamaripun Bayu ingkang wonten perkebunan. Nalika sampun mlebet kamar, Bayu langsung ngglethak wonten mriku, kraos manawi sampun ngantuk ingkang boten saged dipunampet malih. Sanalika, Bayu tilem.

Tuturan wonten nginggil ngewrat tembung dipapag. Tembung dipapag menika dados panandha *dialek* basa Jawi Wetan, amargi tembung menika boten kalimrah dipunginakaken wonten basa Jawi baku. Pramila, wujud bedanipun wonten pamilihing *diksi*. Andharanipun, manawi wonten basa Jawi Wetan, tembung dipapag [d i p a p a g] tegesipun ‘*dijemput*’. Wonten basa Jawi baku, manawi ‘*dijemput*’ menika dipunsebataken dipethuk [d i p ə ʈ U ?]. Wonten basa Jawi Ngayogyakarta, boten kulina dipunginakaken tembung dipapag. Kamangka,

manawi wonten basa Jawi *dialek* Jawi Wetan, tembung dipethuk menika tegesipun kain segisekawan ingkang dipunangge mbungkus barang.

Tembung dipapag [d i p a p a g] ‘*dijemput*’ menika, boten nutup kasempatan dipunginakaken ugi wonten Jawi Ngayogyakarta, amargi canggihipun *teknologi*, gangsaripun, saha gampilipun *komunikasi* ing antawisipun priyantun setunggal tlatah (Jawa Timur) kaliyan priyantun ingkang wonten tlatah sanesipun. Pawadan sanesipun inggih menika wontenipun *transmigran* ingkang *transmigrasi* saking *Provinsi* Jawa timur dhateng *provinsi* sanesipun. Awit saking pawadan-pawadan menika, saperangan priyantun Ngayogyakarta ingkang nyebataken tembung dipapag [d i p a p a g] ‘*dijemput*’.

Rujukan silang utawi *kontras* wonten panaliten menika ngginakaken *referensi* adhedhasar Baoesastra Djawa (1939: 490a). Salebetipun kaca menika tembung ingkang dipunginakaken inggih menika ngginakaken tembung dipethuk, saking tembung lingga pethuk. Tuladhanipun inggih menika wonten salebeting ukara “Tulung, Nasywa **dipethuk**, ya Mbak!”

- 10) “Mengko jam-jam rolas **papagen** ya, Yu! Tinimbang kesoren mengko bapakmu duka maneh. Rak durung kesusu kuliah, ta? Ibune menehne helm ing mentas dienggo.” D.24/KBI/33

Konteks: tuturan wonten nginggil menika, ngandharaken bilih Bu Tiin ndhawuhi Bayu supados methuk Bu Tiin tabuh kalih welas siyang. Amargi manawi kesontenan, ajrihipun mangke Pak Rahman duka malih. Lajeng, sinambi maringaken helm ingkang nembe dipunagem, Bu Tiin mastekaken dhateng Bayu bilih Bayu boten kesesa kuliah.

Tuturan wonten nginggil ngewrat tembung papagen. Tembung papagen menika dados panandha *dialek* basa Jawi Wetan, amargi tembung menika boten

kalimrah dipunginakaken wonten basa Jawi baku. Pramila, wujud bedanipun wonten pamilihing *diksi*. Andharanipun, manawi wonten basa Jawi Wetan, tembung papagen [p a p a ? ə n] tegesipun ‘*jemputen*’. Wonten basa Jawi baku, manawi ‘*jemputen*’ menika dipunsebataken pethuken [p ə t̚ U ? ə n]. Wonten basa Jawi Ngayogyakarta, boten kulina dipunginakaken tembung papagen. Kulinanipun ngangge tembung pethuken. Kamangka, wonten basa Jawi *dialek* Jawi Wetan, pethuken menika tegesipun panutur ingkang mrentah salah satunggaling mitra tutur supados mbungkus barang.

Rujukan silang utawi *kontras* wonten panaliten menika ngginakaken *referensi* adhedhasar Baoesastra Djawa (1939: 490a). Salebetipun kaca menika tembung ingkang dipunginakaken inggih menika ngginakaken tembung pethuken. Tuladhanipun inggih menika wonten salebeting ukara “Mbak Alfi, tulung ta aku **pethuken** saiki ya?”

- 11) Sepedha montor diuripi, banjur dilakokne alon-alon. Bayu ora ngerti kudu menyang ngendi dheweke awan kuwi. Dheweke banjur duwe keputusan kepenak mulih dhisik wae. Rencanane Bayu **mapag** ibune mengko yen wis jam rolas kurang sepuluh menit. D.27/KBI/35

Konteks: tuturan wonten nginggil menika, ngandharaken bilih nalika Bayu wangsul saking ngeteraken Bu Tiin, Bayu bingung kedah badhe dhateng pundi. Ananging piyambakipun gadhah pamanggih manawi wangsul rumiyin kemawon, satemah piyambakipun methuk ibunipun menika samangke tabuh kalih welas kirang sedasa menit.

Tuturan wonten nginggil ngewrat tembung mapag. Tembung mapag menika dados panandha *dialek* basa Jawi Wetan, amargi tembung menika boten kalimrah dipunginakaken wonten basa Jawi baku. Pramila, wujud bedanipun wonten pamilihing *diksi*. Andharanipun, manawi wonten basa Jawi Wetan, tembung mapag

[m a p a g] tegesipun ‘*menjemput*’. Wonten basa Jawi baku, manawi ‘*menjemput*’ menika dipunsebataken methuk [m ə ʈ U ?]. Wonten basa Jawi Ngayogyakarta, boten kulina dipunginakaken tembung mapag. Kamangka manawi wonten basa Jawi *dialek* Jawi Wetan, tembung methuk menika tegesipun tiyang ingkang saweg mbugkus barang ngangge kain segisekawan.

Tembung mapag [m a p a g] ‘*menjemput*’ menika, boten nutup kasempatan dipunginakaken ugi wonten Jawi Ngayogyakarta, amargi canggihipun *teknologi*, gangsaripun, saha gampilipun *komunikasi* ing antawisipun priyantun setunggal tlatah (Jawa Timur) kaliyan priyantun ingkang wonten tlatah sanesipun. Pawadan sanesipun inggih menika wontenipun *transmigran* ingkang *transmigrasi* saking *Provinsi* Jawa timur dhateng *provinsi* sanesipun. Awit saking pawadan-pawadan menika, saperangan priyantun Ngayogyakarta ingkang nyebataken tembung mapag [m a p a g] ‘*menjemput*’.

Rujukan silang utawi *kontras* wonten panaliten menika ngginakaken *referensi* adhedhasar Baoesastra Djawa (1939: 490a). Salebetipun kaca menika tembung ingkang dipunginakaken inggih menika ngginakaken tembung methuk. Tuladhanipun inggih menika wonten salebeting ukara “Mbak Mila wis budhal **methuk** Mbak Jannah apa durung ya?”

- 12) Bareng wis **manyak** dalan rada sepi, sepedha montor ing mburine Bayu nyalip kanthi ngeget. Bayu kaget, durung ilang kagete sepedha montor kuwi nyleoti ngarepe Bayu. Reaksi ndadak kuwi gawe Bayu gedandapan, setir diinger ngiwa mudhun aspal. D.20/KBI/20

Konteks: tuturan wonten nginggil menika, ngandharaken bilih nalika Bayu sampun mlebet margi ingkang sepen, tiyang ingkang numpaki pit motor ingkang wonten wingkingipun Bayu menika nyalip kanthi ngagetaken Bayu. Sanalika, tiyang ingkang nyalip kalawau nyleoti

Bayu wonten sangajengipun Bayu, ingkang ndadosaken Bayu menika gedandapan lajeng menggokaken setir pit motoripun ngiwa mandhap saking aspal.

Tuturan wonten nginggil ngewrat tembung manyak. Tembung manyak menika dados panandha *dialek* basa Jawi Wetan, amargi tembung menika boten kalimrah dipunginakaken wonten basa Jawi baku. Pramila, wujud bedanipun wonten pamilihing *diksi*. Andharanipun, manawi wonten basa Jawi Wetan, tembung manyak [m a ñ a ?] tegesipun ‘masuk’ utawi ‘melebihi’. Wonten basa Jawi baku, manawi ‘masuki’ menika dipunsebataken mlebu [m l ə b u].

Rujukan silang utawi *kontras* wonten panaliten menika ngginakaken *referensi* adhedhasar Baoesastra Djawa (1939: 320b). Salebetipun kaca menika tembung ingkang dipunginakaken inggih menika ngginakaken tembung lingga luwih. Tuladhanipun inggih menika wonten salebeting ukara “Anggone pit-pitan wis **mlebu** Dusun Gemawang lo.”

- 13) Karyawan kebun sing wis sengkut nyambutgawe, mbungkuk sedhela marang wong loro sing lagi numpak jeep. Dalan kebun sing tumuju pabrik pating **begenjil** ora rata, mulane lakune jeep ora bisa rancag. Nanging Bayu wis biasa nyetir mobile ing dalan sing kaya ngono. D.21/KBI/21

Koteks: tuturan wonten nginggil menika, ngandharaken bilih nalika Pak Rahman kaliyan Bayu miyos perkebunan, para karyawan kebun ingkang saweg makarya, menika langsung mbungkuk saprelu sapa aruh dhateng panjenenganipun ingkang nitih jeep. Amargi margi ingkang ancasipun dhateng perkebunan boten rata, pramila mlampahipun mobil boten rancag. Ananging, Bayu sampun biyasa nyetir wonten kawontenan ingkang kados makaten, satemah piyambakipun menika tetep anteng, boten gupuh.

Tuturan wonten nginggil ngewrat tembung begenjil. Tembung begenjil menika dados panandha *dialek* basa Jawi Wetan, amargi tembung menika boten

kalimrah dipunginakaken wonten basa Jawi baku. Pramila, wujud bedanipun wonten pamilihing *diksi*. Andharanipun, manawi wonten basa Jawi Wetan, tembung begenjil [b ə g ə n j i l] tegesipun ‘*tidak rata*’. Wonten basa Jawi baku, manawi ‘*tidak rata*’ menika dipunsebataken gronjal [g r o n j a l].

Rujukan silang utawi *kontras* wonten panaliten menika ngginakaken *referensi* adhedhasar Baoesastra Djawa (1939: 165a). Salebetipun kaca menika tembung ingkang dipunginakaken inggih menika ngginakaken tembung gronjal. Tuladhanipun inggih menika wonten salebeting ukara “Dalan ngarep pondok putri kae pating **gronjal**.”

- 14) Lha kok bapakmu takon sing werna-werna, jare kedhayohan wong lanang. Malah wani nudhuh aku dolan karo wong lanang. Apa ya **memper**? Tenane ngono aku iki duwe perasaan sepi yen terus ana omahe kari karo Sayem. D.23/KBI/32

Konteks: tuturan wonten nginggil menika, ngandharaken bilih Bu Tiin cariyos dhateng Bayu bilih Pak Rahman menika sampun wanton mundhut prisa ingkang maneka warni dhateng Bu Tiin, salah satunggalipun inggih menika ngendikanipun Pak Rahman, Bu Tiin karawuhan tamu jaler. Miturut cariyosipun Bu Tiin, Pak Rahman ugi nuduh Bu Tiin tindak kaliyan tiyang jaler menika, lajeng Bu Tiin dhawuh dhateng Bayu bilih sejaosipun Bu Tiin kasepen manawi wonten dalem kaliyan Bik Sayem kemawon.

Tuturan wonten nginggil ngewrat tembung **memper**. Tembung **memper** menika dados panandha *dialek* basa Jawi Wetan, amargi tembung menika boten kalimrah dipunginakaken wonten basa Jawi baku. Pramila, wujud bedanipun wonten pamilihing *diksi*. Andharanipun, manawi wonten basa Jawi Wetan, tembung **memper** [m ε m p ə r] tegesipun ‘*pantas*’. Wonten basa Jawi baku, manawi ‘*pantas*’ menika dipunsebataken patut [p a t U t]. tembung **memper** [m ε m p ə r]

piyambak, manawi wonten Jawi baku menika tegesipun ‘*mirip*’ utawi ‘*hampir sama*’. Tembung *memper* [m ε m p ə r] ‘*pantas*’ menika, boten nutup kasempatan dipunginakaken ugi wonten Jawi Ngayogyakarta, amargi canggihipun *teknologi*, gangsaripun, saha gampilipun *komunikasi* ing antawisipun priyantun setunggal tlatah (Jawa Timur) kaliyan priyantun ingkang wonten tlatah sanesipun. Pawadan sanesipun inggih menika wontenipun *transmigran* ingkang *transmigrasi* saking *Provinsi* Jawa timur dhateng *provinsi* sanesipun. Awit saking pawadan-pawadan menika, saperangan priyantun Ngayogyakarta ingkang nyebataken tembung *memper* [m ε m p ə r] ‘*pantas*’.

Rujukan silang utawi *kontras* wonten panaliten menika ngginakaken *referensi* adhedhasar Baoesastra Djawa (1939: 477a). Salebetipun kaca menika tembung ingkang dipunginakaken inggih menika ngginakaken tembung patut. Tuladhanipun inggih menika wonten salebeting ukara “Ngono iku dipikir dhisik, patut apa ora muni ngono kuwi.”

- 15) Pas rodhane sepedha montore Bayu teka ngarep kampus STIE, rombongan iring-iringan **colt** wis wiwit mlaku. Bayu getun. Ora bisa nguntapake kembang ati ninggal Blitar kanthi pangucap, “Selamat KKN”. Bayu ora bisa takon ana ngendi olehe KKN lan pira suwene, apa perlu disusul apa ora. D.26/KBI/34

Konteks: tuturan wonten nginggil menika, ngandharaken bilih nalika Bayu nyusul Fensi sampun dugi kampusipun Fensi, rombongan angkot ingkang dipuntumpaki dening lare-lare KKN menika sampun mlampah. Bayu ngraosaken getun ingkang tanpa kenging dipunpindhha, amargi boten saged ngeteraken Fensi kanthi ngucap sugeng KKN saha boten saged nakeni menapa kemawon ingkang dipunbetahaken dening Fensi nalika wonten KKN.

Tuturan wonten nginggil ngewrat tembung colt. Tembung colt menika dados panandha *dialek* basa Jawi Wetan, amargi tembung menika boten kalimrah dipunginakaken wonten basa Jawi baku. Pramila, wujud bedanipun wonten pamilihing *diksi*. Andharanipun, manawi wonten basa Jawi Wetan, tembung colt [k ɔ l] tegesipun ‘*angkutan umum*’. Wonten basa Jawi baku, manawi ‘*angkutan umum*’ menika dipunsebataken angkot [a ŋ k ɔ t].

Rujukan silang utawi *kontras* wonten panaliten menika ngginakaken wawan rembag kaliyan *narasumber* ingkang asma Eyang Sawin. Eyang Sawin menika maringi tuladha panganggening tembung angkot, wonten salabetipun ukara, ”Aku wingi menyang Progo numpak **angkot**, Mbak.”

- 16) Bu Tiin setengah mlayu tumuju papan kantore penerima tamu. Bayu nyawang njinggleng, ibune sing diwenahi kunci. Bayu **kamitenggengen**. “Ayo Yu! Kancaku ana kamar nomer pitulas!” “Sampun kula rantos wonten mriki mawon!” Bayu selak. D.30/KBI/40

Konteks: tuturan wonten nginggil menika, ngandharaken bilih nalika Bayu kaliyan Bu Tiin sampun dugi penginapan Ajar Manik, Bu Tiin langsung mandhap saha mlajeng dhateng papan panampi tamu. Sanalika, Bayu kaget mengretos ibunipun dipunparingi kunci. Lajeng, ibunipun ngejak Bayu mlebet kamar nomer pitulas saprelu manggihi kancanipun ingkang sampun wonten kamar menika, ananging Bayu nolak kanthi basa ingkang alus.

Tuturan wonten nginggil ngewrat tembung kamitenggengen. Tembung kamitenggengen menika dados panandha *dialek* basa Jawi Wetan, amargi tembung menika boten kalimrah dipunginakaken wonten basa Jawi baku. Pramila, wujud bedanipun wonten pamilihing *diksi*. Andharanipun, manawi wonten basa Jawi Wetan, tembung kamitenggengen [k a m i t ə ŋ g ə ŋ ə n] tegesipun ‘*sangat kaget*’. Wonten basa Jawi baku, tembung kamitenggengen menika boten wonten tegesipun.

Rujukan silang utawi *kontras* wonten panaliten menika boten wonten, amargi wonten basa Jawi baku boten wonten tegesing tembung ingkang jumbuh kaliyan tembung kamitenggengen.

b. Wujudipun tembung ingkang dados titikan tembung lok

Satuan lingual basa ingkang wujudipun *tembung* menika ngewrat wujud saha titikan inggih menika tembung lok. *Satuan lingual* basa awujud tembung ingkang ngewrat wujud saha titikan tembung lok wonten *novel Kerajut Benang Ireng* ingkang beda kaliyan basa Jawi baku menika wonten tigang titikan ingkang beda-beda.

- 1) Bu Tiin gumregah tangi, kaget krungu Bayu mbengok sakuwate. Bayu keprungu nangis mingseg-mingseg. “Ana apa, yu? Ana apa? Wis gek bubuk, cah bagus. Wis gek bubuk maneh! Cup **ta**, cup! D.09/KBI/04

Konteks: tuturan wonten nginggil menika, ngandharaken bilih nalika Bu Tiin saweg sare, Bu Tiin gumregah wungu amargi kaget mireng Bayu ingkang sampun tilem ugi, mbengok saha nangis ngantos mungseg-mingseg. Lajeng, Bu Tiin mundhut prisa dhateng Bayu menapa ingkang ndayani Bayu ngantos nangis kados mekaten saha ndhawuhi Bayu kanthi ngarih-arih supados tilem malih.

Tuturan wonten nginggil ngewrat tembung ta. Tembung ta menika dados panandha *dialek* basa Jawi Wetan, amargi tembung menika boten kalimrah dipunginakaken wonten basa Jawi baku. Pramila, wujud bedanipun wonten tembung lok awujud ta. Andharanipun, manawi wonten basa Jawi Wetan, tembung ta kasebat [t a] saha boten wonten tegesipun, amargi anamung minangka tembung lok. Wonten basa Jawi baku, manawi tembung lok ta [t a] menika dipunsebataken ta [t ɔ]. Wonten basa Jawi Ngayogyakarta, ugi boten wonten tegesipun, amargi minangka tembung lok. Tembung lok menika ginanipun kangge narik kawigatosan

tiyang ingkang dipunjak pirembagan supados nggatosaken saha kangge ngantebaken suraos wonten sawingkingipun ukara utawi tuturan.

Rujukan silang utawi *kontras* wonten panaliten menika ngginakaken *referensi* adhedhasar Baoesastra Djawa (1939: 584a). Salebetipun kaca menika tembung ingkang dipunginakaken inggih menika ngginakaken tembung lok awujud ta [t ɔ]. Tuladhanipun inggih menika wonten salebeting ukara “Bumbune wis kokcemplungke ta?”

- 2) “Bayu, wah dakenteni, jare. Saka ngendi, se?” pitakone Pak Rahman bareng weruh Bayu teka karo Pak Ratno. “Titik kebun wiwit poncod wetan ngantos mubeng,” wangsulane Bayu rada nggragap. D.22/KBI/23

Konteks: tuturan wonten nginggil menika, ngandharaken bilih Pak Rahman nakeni Bayu, Bayu menika saking pundi kemawon nalika Pak Rahman prisa manawi Bayu dugi sareng kaliyan Pak Ratno. Lajeng, kanthi radi gragap, Bayu mangsuli manawi nembe kemawon mubeng-mubeng perkebunan wiwit saking poncod sisih wetan.

Tuturan wonten nginggil ngewrat tembung se. Tembung se menika dados panandha *dialek* basa Jawi Wetan, amargi tembung menika boten kalimrah dipunginakaken wonten basa Jawi baku. Pramila, wujud bedanipun wonten tembung lok awujud se. Andharanipun, manawi wonten basa Jawi Wetan, tembung se kasebat [s e] saha boten wonten tegesipun, amargi anamung minangka tembung lok. Wonten basa Jawi baku utawi Ngayogyakarta, ugi boten wonten tegesipun, amargi minangka tembung lok.

Tembung lok menika ginanipun kangge narik kawigatosan tiyang ingkang dipunjak pirembagan supados nggatosaken saha kangge ngantebaken suraos wonten sawingkingipun ukara utawi tuturan. *Rujukan silang* utawi *kontras* wonten panaliten menika boten dipunginakaken amargi wonten basa Jawi baku menika

boten dipunangge saha boten wonten tembung sanesipun ingkang sami utawi meh sami tegesipun.

- 3) “Wis adus, ya?” pitakone saka ngarep jendhela ngongak Bayu sing isih ibut karo karo pakaryane. Bayu lagi eling yen durung adus, “Dereng!” “Yen durung gek adus **no!** Ngko gek ngeterke aku,” tembungne ibune krasa kepenak lan mulya dirungokne kuping. D.28/KBI/37

Konteks: tuturan wonten nginggil menika, ngandharaken bilih nalika Bu Tiin nakeni Bayu menapa sampun adus, Bayu nembe kemutan manawi piyambakipun menika dereng adus. Pramila, Bu Tiin langsung ngutus Bayu supados enggal adus amargi dipundhawuhi ibunipun ndherekaken Bu Tiin.

Tuturan wonten nginggil ngewrat tembung no. Tembung no menika dados panandha *dialek* basa Jawi Wetan, amargi tembung menika boten kalimrah dipunginakaken wonten basa Jawi baku. Pramila, wujud bedanipun wonten tembung lok awujud no. Andharanipun, manawi wonten basa Jawi Wetan, tembung no kasebat [n o] saha boten wonten tegesipun, amargi anamung minangka tembung lok. Wonten basa Jawi baku utawi Ngayogyakarta, ugi boten wonten tegesipun, amargi minangka tembung lok.

Tembung lok menika ginanipun kangge narik kawigatosan tiyang ingkang dipunjak pirembagan supados nggatosaken saha kangge ngantebaken suraos wonten sawingkingipun ukara utawi tuturan. *Rujukan silang* utawi *kontras* wonten panaliten menika boten dipunginakaken amargi wonten basa Jawi baku menika boten dipunangge saha boten wonten tembung sanesipun ingkang sami utawi meh sami tegesipun.

4. *Satuan lingual jinis frasa*

Satuan lingual awujud *frasa* menika salah satunggaling perangan basa alit piyambak ingkang awujud *frasa*. *Frasa* menika kawujud saking kalih tembung utawi langkung. Kalenggahanipun *frasa* menika boten langkung saking setunggal *fungsi*. Wonten panaliten *satuan lingual* ingkang awujud *frasa* menika, kapanggihaken setunggal titikan basa Jawi *dialek* Jawi Wetan. Pirembagan menika badhe kaandharaken wonten ngandhap menika.

Wujudipun *frasa* ingkang dados titikan setunggal kalenggahan

Satuan lingual basa ingkang wujudipun *frasa* menika ngewrat wujud saha titikan inggih menika setunggal kalenggahan. *Satuan lingual* basa awujud *frasa* ingkang wujud saha titikanipun menika setunggal kalenggahan wonten *novel Kerajut Benang Ireng* anggitanipun Harwimuka menika wonten sekawan titikan ingkang beda-beda.

- 1) Slirane lair ing omah iki rolikur taun kepungkur. Bebarengan **cumengere tangis** jabang bayi keprungu lonceng jam ing ruwang tengah gemontang kaping sepuluh. Rambutmu ketel, awakmu lemu ndemenakke. Jabang bayimu biyen lair tanpa alangan sawiji apa, slamet. D.10/KBI/08

Konteks: tuturan wonten nginggil menika, kaandharaken bilih Bayu kalairaken wonten dalemipun Bu Esti kalihlikur taun kapengker kanthi rambut ingkang ketel, badan ingkang lema ngremenaken manah, nalika nangis pisanan menika sareng kaliyan loncengipun jam ingkang kaping sedasa, saha *Alhamdulillah* kalairaken kanthi gangsar saha sugeng.

Tuturan wonten nginggil ngewrat gabungan tembung cumengere tangis.

Gabungan tembung cumengere tangis menika dados panandha *dialek* basa Jawi Wetan, amargi tembung menika boten kalimrah dipunginakaken wonten basa Jawi baku. Pramila, wujud bedanipun inggih menika tembung menika minangka

setunggal kalenggahan. Andharanipun, manawi wonten basa Jawi Wetan, tembung cumengere tangis → cumenger(e) + tangis = W (wasesa).

Wonten basa Jawi baku utawi Ngayogyakarta, gabungan tembung cumengere tangis ingkang ngewrat setunggal kalenggahan kasebat boten dipunangge. *Rujukan silang* utawi *kontras* wonten panaliten menika boten dipunginakaken amargi wonten basa Jawi baku menika boten kalimrah dipunangge saha boten wonten tembung sanesipun ingkang sami utawi meh sami tegesipun.

- 2) “Wis jlentreh ta, katranganku? Critaku biyen ora gawe **horege kahanan**. Titi wanti ora rumangsa kagepok. Ibumu uga ora protes. Kahanan tetep tintrim. Mung cumengere bayi sing sadina-dinane gilir gumanti sing ngukir jantrane uripku. Aku wis ora ngeling-eling lelakon sing wis mungkur.”
D.11/KBI/09

Konteks: tuturan wonten ginggil menika, ngandharaken bilih Bu Esti nalika sampung rampung anggenipun cariyos babagan lairipun Bayu, panjenenganipun menika mastekaken shateng Bayu anggenipun caroyos menika boten damel risaking kawontenanipun Bayu menapa dene ibu kandhungipun Bayu ingkang sampun seda. Lajeng, Bu Esti boten badhe ngemut-emut malih lelampahan ingkang sampun kapengker.

Tuturan wonten nginggil ngewrat gabungan tembung horege kahanan. Gabungan tembung horege kahanan menika dados panandha *dialek* basa Jawi Wetan, amargi tembung menika boten kalimrah dipunginakaken wonten basa Jawi baku. Pramila, wujud bedanipun inggih menika tembung menika minangka setunggal kalenggahan. Andharanipun, manawi wonten basa Jawi Wetan, tembung horege kahanan → horeg(e) + (ka)ana(an) = L (lesan).

Wonten basa Jawi baku utawi Ngayogyakarta, gabungan tembung horege kahanan ingkang ngewrat setunggal kalenggahan kasebat boten dipunangge.

Rujukan silang utawi *kontras* wonten panaliten menika boten dipunginakaken amargi wonten basa Jawi baku menika boten kalimrah dipunangge saha boten wonten tembung sanesipun ingkang sami utawi meh sami tegesipun.

- 3) Senajan wetenge durung kisenan, Bayu nyoba arep metu ninggalake omah kono. Dheweke isih kepengin pamit ibune. Dheweke jumangkah menyang pawon kanthi rasa **was sumelang**. Mengko pamit gek malah dicelathu ibune maneh. D.23/KBI/31

Konteks: tuturan wonten nginggil menika, ngandharaken bilih Bayu gadhah pepenginan nilar griya sinaosa wetengipun dereng kalebet tetedhan menapa-menapa. Piyambakipun kepengin nyuwun pamit ibunipun. Lajeng Bayu mlampah dhateng pawon kanthi raos ingkang kuwatos, amargi ajrih manawi dipuncelathu dening Bu Tiin malih.

Tuturan wonten nginggil ngewrat gabungan tembung was sumelang. Gabungan tembung was sumelang menika dados panandha *dialek* basa Jawi Wetan, amargi tembung menika boten kalimrah dipunginakaken wonten basa Jawi baku. Pramila, wujud bedanipun inggih menika tembung menika minangka setunggal kalenggahan. Andharanipun, manawi wonten basa Jawi Wetan, tembung was sumelang → was + sumelang = L (lesan).

Wonten basa Jawi baku utawi Ngayogyakarta, gabungan tembung was sumelang ingkang ngewrat setunggal kalenggahan kasebat boten dipunangge. *Rujukan silang* utawi *kontras* wonten panaliten menika boten dipunginakaken amargi wonten basa Jawi baku menika boten kalimrah dipunangge saha boten wonten tembung sanesipun ingkang sami utawi meh sami tegesipun.

- 4) “Fensi wonten?” pitakone Bayu. “Oo, Jeng Fensi nembe kemawon tindak ngasta **gawan mbendhiyut** ngaten. Kalawau inggih nengga panjenengan, ning lajeng kesiangan,” critane wong wadon kuwi. D.25/KBI/33

Konteks: tuturan wonten nginggil menika, ngandharaken bilih nalika Bayu sampun dugi griyanipun Fensi saprelu badhe methuk Fensi, ingkang mbikakaken lawang menika rewangipun Fensi. Rewangipun Fensi matur manawi Fensi sejatosipun nengga Bayu, ananging amargi sampun kesiyangan, pramila Fensi lajeng bidhal mbekta barang ingkang kathah.

Tuturan wonten nginggil ngewrat gabungan tembung gawan mbendhiyut. Gabungan tembung gawan mbendhiyut tangis menika dados panandha *dialek* basa Jawi Wetan, amargi tembung menika boten kalimrah dipunginakaken wonten basa Jawi baku. Pramila, wujud bedanipun inggih menika tembung menika minangka setunggal kalenggahan. Andharanipun, manawi wonten basa Jawi Wetan, tembung gawan mbendhiyut → gawan + mbendhiyut = L (lesan).

Wonten basa Jawi baku utawi Ngayogyakarta, gabungan tembung gawan mbendhiyut ingkang ngewrat setunggal kalenggahan kasebat boten dipunangge. *Rujukan silang* utawi *kontras* wonten panaliten menika boten dipunginakaken amargi wonten basa Jawi baku menika boten kalimrah dipunangge saha boten wonten tembung sanesipun ingkang sami utawi meh sami tegesipun.

5. Satuan lingual jinis klausa

Satuan lingual awujud *klausa* menika salah satunggaling perangan basa alit piyambak ingkang awujud *klausa*. *Klausa* menika kawujud saking gabungan tembung, ingkang saben tembung menika wonten kalenggahanipun piyambak-piyambak. Pramila, *klausa* menika saged dipunsebat wosing ukara, amargi saged dados *cikal bakal*-ipun ukara. Wonten panaliten *satuan lingual* ingkang awujud *klausa* menika, kapanggihaken setunggal titikan basa Jawi *dialek* Jawi Wetan. Pirembagan menika badhe kaandharaken wonten ngandhap menika.

Wujudipun *klausa* ingkang dados titikan kalih kalenggahan

Satuan lingual basa ingkang wujudipun *klausa* menika ngewrat wujud saha titikan inggih menika kalih kalenggahan. Wujudipun tembung sekedhik piyambak menika kadyan saking jejer (J) saha wasesa (W) utawi wasesa (W) saha lesan (L). *Satuan lingual* basa awujud *klausa* ingkang wujud saha titikanipun menika kalih kalenggahan wonten *novel Kerajut Benang Ireng* anggitanipun Harwimuka menika wonten kalih titikan ingkang beda-beda.

- 1) Dheweke isih kelingan. Nalika urip bebarengan karo ibune ing **kahaman kacingkrangan**. Saiki uripe wis ora perlu leles kaya ibune dhék biyen, senajan sing dingengeri saiki dudu wong tuwane dhewe. D.12/KBI/09

Konteks: tuturan wonten nginggil menika, ngandharaken bilih Bayu menika taksih kemutan nalika taksih gesang sareng ibu kandhungipun menika kawontenanipun taksih kirang. Gesangingipun Bayu samenika sampun boten prelu lurus-luru malih kados ibunipun rikala jaman semanten, senaos Bayu samenika boten ndherek tiyang sepuhipun kandhung.

Tuturan wonten nginggil ngewrat gabungan tembung kahaman kacingkrangan. Gabungan tembung kahaman kacingkrangan menika dados panandha *dialek* basa Jawi Wetan, amargi tembung menika boten kalimrah dipunginakaken wonten basa Jawi baku. Pramila, wujud bedanipun inggih menika tembung menika minangka kalih kalenggahan. Ateges, tembung kasebat ngewrat jejer (J) saha wasesa (W). Andharanipun, manawi wonten basa Jawi Wetan, tembung kahaman kacingkrangan → kahaman + kacingkrangan.

J

W

Wonten basa Jawi baku utawi Ngayogyakarta, gabungan tembung kahaman kacingkrangan ingkang ngewrat kalih kalenggahan kasebat boten dipunange.

Rujukan silang utawi *kontras* wonten panaliten menika boten dipunginakaken amargi wonten basa Jawi baku menika boten kalimrah dipunangge saha boten wonten tembung sanesipun ingkang sami utawi meh sami tegesipun.

- 2) “Kok repot, Bu,” tembunge mung **moles kahanan**. “Mbok Yem dhateng pundi?” “Blonjo lo Fen,” wangsulane sinambi nyelehake bokong ing kursi sangarepe Fensi. Yo, diunjuk!” D.17/KBI/11

Konteks: tuturan wonten nginggil menika, ngandharaken bilih Fensi moles kawontenanipun nalika Bu Tiin nyuguhaken teh kangge Fensi. Lajeng Fensi nyuwun prisa dhateng Bu Tiin wonten pundi Mbok Sayem, amargi ingkang damelaken unjukan biyasaniun menika Mbok Sayem. Bu Tiin mangsuli manawi Mbok sayem menika saweg blonjo.

Tuturan wonten nginggil ngewrat gabungan tembung moles kahanan. Gabungan tembung moles kahanan menika dados panandha *dialek* basa Jawi Wetan, amargi tembung menika boten kalimrah dipunginakaken wonten basa Jawi baku. Pramila, wujud bedanipun inggih menika tembung menika minangka kalih kalenggahan. Ateges, tembung kasebat ngewrat wasesa (W) saha lesan (L). Andharanipun, manawi wonten basa Jawi Wetan, tembung moles kahanan → moles + kahanan.

W L

Wonten basa Jawi baku utawi Ngayogyakarta, gabungan tembung moles kahanan ingkang ngewrat kalih kalenggahan kasebat boten dipunangge. *Rujukan silang* utawi *kontras* wonten panaliten menika boten dipunginakaken amargi wonten basa Jawi baku menika boten kalimrah dipunangge saha boten wonten tembung sanesipun ingkang sami utawi meh sami tegesipun.

6. *Satuan lingual jinis ukara*

Satuan lingual awujud ukara menika salah satunggaling perangan basa ingkang awujud ukara. Ukara menika rerangkening tembung, ingkang kadhapuk saking kalih perangan ingkang ageng, inggih menika jejer (J) saha wasesa (W), saged ugi langkung. Wonten panaliten *satuan lingual* ingkang awujud ukara menika, kapanggihaken setunggal titikan basa Jawi *dialek* Jawi Wetan. Pirembagan menika badhe kaandharaken wonten ngandhap menika.

Wujudipun ukara ingkang dados titikan tigang kalenggahan

Satuan lingual basa ingkang wujudipun ukara menika ngewrat wujud saha titikan inggih menika tigang kalenggahan. *Satuan lingual* basa awujud ukara ingkang wujud saha titikanipun menika tigang kalenggahan wonten *novel Kerajut Benang Ireng* anggitanipun Harwimuka menika wonten setunggal titikan, kados ingkang wonten ngandhap menika.

“Eneng apa?” “Singkirna bocah kuwi, yen perlu patenana!” **Diro njenggirat kaget**, plonga-plongo mripate metheleng ora ngerti apa sing kudu diwangsuli. D.33/KBI/77

Konteks: tuturan wonten ginggil menika, ngandharaken bilih nalika Bu tiin tindak dhateng griyanipun Diro, Bu Tiin nyuwun tulung dhateng Diro supados mejahi Bayu. Sanalika, Diro mlongo amargi kaget mireng menapa ingkang dipunngendikakaken dening Bu Tiin dhateng piyambakipun.

Tuturan wonten nginggil ngewrat gabungan tembung Diro njenggirat kaget. Gabungan tembung Diro njenggirat kaget menika dados panandha *dialek* basa Jawi Wetan, amargi tembung menika boten kalimrah dipunginakaken wonten basa Jawi baku. Pramila, wujud bedanipun inggih menika tembung menika minangka tigang kalenggahan. Ateges, tembung kasebat ngewrat jejer (J), wasesa (W), saha

katrangan (K). Andharanipun, manawi wonten basa Jawi Wetan, tembung Diro

njenggirat kaget → Diro + (n)jenggirat + kaget.

J

W

K

Wonten basa Jawi baku utawi Ngayogyakarta, gabungan tembung Diro njenggirat kaget ingkang ngewrat tigang kalenggahan kasebat boten dipunangge.

Rujukan silang utawi *kontras* wonten panaliten menika boten dipunginakaken amargi wonten basa Jawi baku menika boten kalimrah dipunangge saha boten wonten tembung sanesipun ingkang sami utawi meh sami tegesipun.

BAB V PANUTUP

A. Dudutan

Adhedhasar asiling panaliten saha pirembagan panganggening *dialek* Jawi Wetan wonten *novel Kerajut Benang Ireng* anggitanipun Harwimuka ingkang sampun dipunandharaken wonten bab saderengipun, pramila saged dipunpendhet dudutan kados ingkang wonten ngandhap menika.

1. Jinisipun *satuan-satuan lingual* basa Jawi ingkang dados panandha *dialek* Jawi Wetan wonten salebetipun *novel Kerajut Benang Ireng* inggih menika *fonem*, *morfem*, *tembung*, *frasa*, *klausa*, saha ukara.
2. Wujud saha titikanipun *dialek* Jawi Wetan manawi dipuntingali saking *satuan-satuan lingual* ingkang dados panandha basa Jawi *dialek* Jawi Wetan wonten salebetipun *novel Kerajut Benang Ireng* inggih menika panganggening *fonem* /r/, *fonem* /b/, swanten *glottal* /ʔ/, *fonem* /w/, *konfiks*, *prefiks*, pamilihing *diksi*, *tembung lok*, saha kalenggahanipun *tembung*.

B. Implikasi

Adhedhasar saking asiling panaliten menika, wonten mapinten-pinten *implikasi* ingkang saged dipundadosaken:

1. bahan waosan kangge nyengkuyung pasinaon ingkang wonten gayutipun kaliyan bab *variasi* basa, mliginipun prakawis *satuan-satuan lingual* basa Jawi *dialek* Jawi Wetan ingkang minangka basa *lokal* masarakat Jawa Timur, satemah basa Jawi *dialek* Jawi Wetan saged lestantun, boten ewah sami kaliyan ewahing jaman,

2. kangge seserepan masarakat bab jinis, wujud, saha titikaning *dialek* Jawi Wetan saha kangge dhasaring panaliten wonten panaliten salajengipun ingkang gayut kaliyan panaliten menika, saha
3. kangge seserepan masarakat supados gampil anggenipun mangretosi bedanipun tetembungan ing antawisipun basa Jawi *dialek* Jawi Wetan kaliyan basa Jawi *standar* utawi baku.

C. Pamrayogi

Adhedhasar asiling panaliten saha pirembaran wonten panaliten menika, wonten mapinten-pinten pamrayogi kados wonten ngandhap menika.

1. Asiling panaliten *dialek* Jawi Wetan wonten *novel Kerajut Benang Ireng* menika taksih kathah kekiranganipun. Panaliti taksih naliti jinis, wujud, saha titikanipun basa Jawi *dialek* Jawi Wetan, satemah prelu wonten panaliten salajengipun ingkang gayut kaliyan *dialek* Jawi Wetan supados asiling panaliten langkung wiyar saha ngrembaka.
2. Asiling panaliten menika dipunkajengaken saged dados tambahing seserepan masarakat mliginipun ingkang maos, ngengingi *satuan-satuan lingual* basa Jawi *dialek* Jawi Wetan.

KAPUSTAKAN

- Antunsohono. 1953. *Reringkesaning Paramasastra Djawa I*. Yogyakarta: Hien Hoo Sing
- . 1953. *Reringkesaning Paramasastra Djawa II*. Yogyakarta: Hien Hoo Sing
- Ayatrohaedi. 1979. *Dialektologi Sebuah Pengantar*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Badan Nasional Penanggulangan Bencana (BNPB).
- Balai Bahasa Yogyakarta. 2006. *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Jawa Huruf Latin yang Disempurnakan*. Yogyakarta: Kanisius.
- Chaer, Abdul, dan Leonie Agustina. 1995. *Sosiolinguistik Perkenalan Awal*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Departemen Pendidikan Nasional. 2015. *Kamus Besar Bahasa Indonesia Pusat Bahasa*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Harwimuka. 1993. *Kerajut Benang Ireng*. Surabaya: C. V. Sinar Wijaya.
- Hasan, Alwi, dkk., 2003. *Tata Bahasa Baku Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Kartomihardjo, Soeseno. 1988. *Bahasa Cermin Kehidupan Masyarakat*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Direktorat Jendral Pendidikan Tinggi Proyek Pengembangan Lembaga Pendidikan Tenaga Kependidikan.
- Mulyana. 2005. *Kajian Wacana Teori, Metode & Aplikasi Prinsip-prinsip Analisis Wacana*. Yogyakarta: Tiara Wacana.
- . 2014. *Bahasa Jawa Kreatif Panduan Lengkap Menulis dalam Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Tiara Wacana.
- Mulyani, Siti. 2008. *Fonologi Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Kanwa Publisher.
- Nababan, P.W.J. 1984. *Sosiolinguistik: Suatu Pengantar*. Jakarta: PT Gramedia.
- Nadra dan Reniwati. 2009. *Dialektologi Teori dan Metode*. Yogyakarta: CV Elmatra Publishing.
- Nurhadi. 1995. *Tata Bahasa Pendidikan Landasan Penyusunan Buku Pelajaran Bahasa*. Semarang: IKIP Semarang Press.

- Poerwadarminta, W. J. S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Groningen, Batavia: J. B. Wolters Uitgevers Maatschappij N.V.
- Samsuri. 1982. *Analisis Bahasa Memahami Bahasa secara Ilmiah*. Jakarta: Erlangga.
- Setiyadi, Bambang. 2006. *Metode Penelitian untuk Pengajaran Bahasa Asing Pendekatan Kuantitatif dan Kualitatif*. Yogyakarta: Graha Ilmu.
- Setiyanto, Aryo Bimo. 2007. *Parama Sastra Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Panji Pustaka
- Soedjiatno, dkk., 1984. *Kata Tugas Bahasa Jawa Dialek Jawa Timur*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Sudaryanto. 1988. *Metode Linguistik*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- . 1991. *Tata Bahasa Baku Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- Suhardi. 2013. *Pengantar Linguistik Umum*. Jogjakarta: Ar-Ruzz Media.
- Sumarsono. 2002. *Sosiolinguistik*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Tarigan, Henry Guntur. 1983. *Prinsip-prinsip Dasar Sintaksis*. Bandung: Angkasa.
- Thomas, Linda dan Shan Wareing. 2007. *Bahasa, Masyarakat, & Kekuasaan*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Tim Tugas Akhir Skripsi Fakultas. 2015. *Panduan Tugas Akhir TAS/TABS*. Yogyakarta: Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta.
- Verhaar, J. W. M. 1996. *Asas-asas Linguistik Umum*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Wijana, I Dewa Putu. 2011. *Berkenalan dengan Linguistik*. Yogyakarta: A.Com Press.
